



## **Gwoup k'ap travay sou dwa lojman, fonsye ak pwopriyetè**

### **Pwosedi Operasyonèl Estandadize pou yon repons kowòdone pou moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo.**

Dokiman sa se Gwoup Travay Lojman-Fonsye-Pwopriyetè ki prepare li. Vèsyon sa sòti nan teks orijinal la ki te pibliye an frasè. Tradiksyon dokiman sa an kreyòl te rive fèt gras ak konkou Oksfam GB. Travay koreksyon, verifikasyon ak sak te dwe ajoute ladan li, se Darlens Hyppolite, Hérold Toussaint ak Clevens Sanon ki te rive fè yo.

Pou tout lòt enfòmasyon, kontakte : [HLP@onuhabitat.org](mailto:HLP@onuhabitat.org)

<b>TAB MATYÈ</b>	<b>2</b>
<b>LIS AKRONIM AK GLOSÈ</b>	<b>3</b>
<b>1. Entwodiksyon</b>	<b>4</b>
1.1.Kontèks	4
1.2.Objektif	5
1.3.Kòman pou itilize Pwosedi Operasyonèl estandadize yo	5
<b>2. Definisyon ak prensip</b>	<b>6</b>
<b>3. Enplikasyon legal pou moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo</b>	<b>8</b>
<b>4. Eleman repons KOWÒDONE POU moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo</b>	<b>11</b>
<b>wÒl ak responsabilite</b>	11
4.1.Verifikasyon	12
4.2. Enfòmasyon Gwoup Sektoryèl CCCM ak jesyon enfòmasyon	12
4.3. Premye rankont avèk mèt teren yo	12
4.4.Devlope yon plan pou aksyon	13
4.5. Kominikasyon avèk MDA yo	13
4.6.Negosyasyon-Medyasyon	13
4.7.Mete sou pye asistans teknik	14
4.8. Devlope yon strateji pou defans	15
4.9.Anrejistreman MD yo	15
4.10. Asiste moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo epi suivi apre yo fin fè moun sa yo bay tè a blanch	16
4.11. Mete sou pye POS – Enpòtans kowòdinasyon an ak koyerans tout patnè li yo	17
<b>ANÈKS</b>	<b>18</b>
1. Garanti pwosedu nan ka moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo : kritè, premye etap yo ak evalyasyon priyorite yo	19
2.Mezi pwoteksyon ak prensip ki pou pran pou pwosesis fè moun yo bay tè a blanch.	22
3.Enfòmasyon sou aspè legal pou moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo nan peyi Dayiti	28
4.Moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo -fòmilè rapò ensidan	36
5.Negosyasyon: bon pratik negosyasyon efikas	38
6.Agiman sosyo-jiridik ak teknik pou apiye medyasyon	44
7.Mesaj pou defans moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo	48
8.Kesyonè anrejistreman faz II	51
9.Kategori moun ki deplase anndan peyi a « vilnerab»	54
10.Modèl fomilè pou suiv sitiasyon moun ki deplase yo apre yo mete yo deyò	55
11.Konsta ofisyèl sit ki vid	60

## Akronim ak glosè

AJK	Ajans Jesyon Kan
GSKKJK(CCCM)	Gwoup Sektoryèl Kan Kowòdinasyon ak Jesyon Kan
PFJK (CMFP)	Pwen Fokal Jesyon Kan
OJK (CMO)	Ofisye Jesyon Kan OIM– yon gwoup ki genyen 20 ofisye jesyon kan konsa, yo voye nan komin Potòprens ak nan rejyon tranbleman tè a te Afekte pou yo bay yon denyè asistans nan kan Kote ki pa gen ajans jesyon yo
KERA (CIRH)	Komisyon Enterimè pou Rebati Ayiti
DPS	Direksyon Pwoteksyon Sivil
Jesyonè Kan DPS	Yon group 52 volontè OIM fòme pou jesyon kan moun ki deplase yo. Yo rann kont bay DPS santral la ak OJK ki responsab komin kote yo ye a
Gwoup travay FLP	Gwoup Travay Fonsye-Lojman-Pwopriyete
KKA	Komite Kowòdinasyon ant Ajans (Inter-Agency Standing Committee: l'IASC), Se mekanism primè pou kowòdinasyon ajans yo pou asistans imanitè Se yon fowòm inik ki enplike patnè imanitè sistèm ONIZYEN ak lòt òganizasyon
MINIZSTA (MINUSTAH)	Misyon Nasyon Zini pou Stabilizasyon Ayiti
OKZI (OCHA )	Ofis pou Kowòdinasyon Zafè Imanitè (Office for the Coordination of Humanitarian Affairs)
OWKDD (OHCHR)	Ofis Wo Komisyone pou Dwa Moun (Office of the High Commissioner for Human Rights)
OEM (OIM)	Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (Organisation Internationale pour la Migration)
ONG	Òganizasyon Non Gouvènmantal (Organisation non-gouvernementale)
ONU-HABITAT	Pwogram Nasyon Zini pou Etablisman moun
MDAP (PDI)	Moun yo Deplase Anndan Peyi a
PFJK (PFGC)	Pwen Fokal nan Jesyon Kan – nan kan ki pa gen resous ki pou jere kan a , yon ajans k ap bay yon lòt sèvis (egz. Sèvis dlo ak asenisman) te pote tèt yo volontè pou pran responsabilite yon kan lè gen ijans
POS	Pwosedè Operasyonèl Standadize
PNH	Polis Nasyon Ayiti
UNHCR (WKNZR)	Wo Komisyone Nasyon Zini pou Refijye (United Nations High Commissioner for Refugees)
UNPOL (PNZ)	Polis Nasyon Zini

Nan dokiman sa a, mo « jesyonè kan an », se ofisye jesyon kan OIM yo, jesyonè kan MD, ajans jesyon kan yo, ak jesyon kan pwen fokal.

# 1. ENTWODIKSYON

## 1.1 KONTÈKS

12 janvye 2010 la, yon seyis ki te rive 7.3 sou nechèl Richtè a ki te gen episan li yo te idantifye nan distans 16 km parapò a kapital Pòtoprens la te frape Ayiti fò anpil. Gwo tranbleman tè sa a te lakòz 200.000 moun te pèdi lavi yo ak 1,5 milyon moun vin rete san kay ak bezwen èdabri ijans. Pifò moun ki te deplase sa yo, te chèche ak volonte yo yon kote pou yo rete nan zòn iben, alòs ke gen lòt ki te deside pou kont yo ale nan lòt zòn riral seyis lan pat afekte. Yo te estime 60-70 % kantite kan MDAP ki te sou teren prive patikilye (pwopriyetè prive)<sup>1</sup>

Depi avril 2010, ajans imanité yo te fè fas ak ogmantasyon moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo ke seyis lan te afekte epi ki te enstale yo nan kan akabri pwovizwa yo. Se pwopriyetè fonsye yo ki bezwen reprann tè yo kote kan sa yo enstale. Anplis, pwopriyetè sa yo ki te pèmet MDAP yo rete sou tè yo pou yon ti tan kòmanse enkyè, y ap mande tè yo si MD sa yo pap okipe tè a nèt oubyen si kan sa yo pap tounen katye.

Dènye chif Gwoup Sekoryèl la rekolte ke li verifye (Kan Kowòdinasyon ak Jesyon kan) (CCCM2) montre ke 31 me 2011 lan, te gen 312 menas pou fè 133,484 moun ki nan kan anba tant yo bay tè a blanch nan dis komin nan peyi a. Moun sa yo reprezante 21% popilasyon MD yo k ap viv nan kan yo. Pwopriyetè yo gentan fè 58,993 MD bay tè a blanch. Yo menase 14.2% MD k ap viv sou teren piblik yo pou yo fè yo bay tè a blanch ak lafòs, men 81.6% nan yo ap viv sou teren prive (pou 4.2 % MD, stati pwopriyetè fonsye kan an yo pa rekonèt li)).

Travayè imanité yo te travay pou prevwa, evite, siveye epi defann MD ke yo menase fòse bay tè a blanch<sup>2</sup>, efò ke yo fè te bay rezilta ki limite epi kantite MD ke yo menase bourade soti yo kontinye ap grandi anpil. Depi avril 2011, biwo kowòdinasyon imanité defann kòz la bay Gouvènman Ayisyen pou sitiyoasyon moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo, men jiskaprezan, yo pa adopte rekòmandasyon yo.

---

<sup>1</sup> Enfòmasyon OIM

<sup>2</sup>OIM/CCCM : Sitiyoasyon eviksyon nan kan IDP yo (me 2011). Rapò sila a gen enfòmasyon ke ekip operasyon pwoteksyon ak jesyon kan nan zòn metwopoliten Pòtoprens OIM yo te rasanble nan komin Kafou, Site Solèy, Kwadèboukè, Petyonvil, Dèlma ak Taba. Lòt enfòmasyon nan rapò sa a, se ekip CMO yo nan Leyogàn, Gresye, Tigwav, Grangwav ak Jakmèl ki te rasanble yo. Rapò a kouvri enfòmasyon rive 31 me 2011.

<sup>3</sup>Sitiyoasyon an te rezoud pou yon ti tan oubyen rezoud nèt apre entèvansyon patnè CCCM yo nan 26 kan avèk yon popilasyon total 15,688 moun.

## **1.2 OBJEKTIF**

Yo te fè dokiman sa pou bay ajans ak manm Gwoup Sektoryèl yo yon (Jesyon ak Kowòdinasyon Kan yo) repons ak pwoteksyon, pou mande enstriksyon operasyonèl sou kesyon konplèks moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo. Sa fè pati efò Inter Cluster ap fè pou kreye yon plan operasyonèl ki ap konplete strateji pou retou ak relokalizasyon HCT te apwouve. Yon repons ki efikas pou moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo egzije kowòdinasyon nan sistèm Gwoup Sektoryèl la (IASC) avèk lòt aktè enpòtan nan nivo entènasyonal, nasyonal ak lokal, yon swivi ak aktivite nan chak ka moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo se kle nan nivo legal ak politik.

Pwosedi Operasyonèl Standidize yo (POS) manm Gwoup Travay Lojman-Fonsye-pwopriyete yo te devlope, anba banyè Gwoup Sektoryèl Pwoteksyon an, yon pwosesis klè sou wòl ak responsabilite yo. Yon seri konsiltasyon te fèt avèk patnè Gwoup Sektoryèl Pwoteksyon yo nan tout pwosesis la, genyen tou yon seyans fòmasyon pou ofisyè OIM jesyon kan yo (CMO) 12 janvye 2011 lan. Yo te dwe itilize POS ki la yo ansanm ak enstriksyon ki genyen yo pou prevwa ka moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo.

Dwa entènasyonal dwa moun avèk dwa Ayisyen an opoze yo a sitiyasyon moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo. Aktè imanité yo ap travay pou jwenn yon solisyon pou prevwa oubyen retade mouvman moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo ki endiy, sitou si yo itilize mwayen vyolans, nan nwit, san yo pa avèti moun yo anvan sa.

Dokiman sa vle bay yon repons pou kesyon konplèks sa ki enplike anpil aktè ak aktivite ki egzije yon apwòch standadize, pou jan gen anpil diferans nan mitan kan yo ak sikonstans patikilye chak ka moun y ap fè bay tè a blanch. Dokiman sila pa bezwen bay yon repons tankou «yon sèl mezi ki bon pou tout » li bay okontrè anpil enfòmasyon sou pwosesis la, anpil mezi ak bon pratik ki genyen ladann; eleman òganizasyon yo ka chwazi, epi adapte yo nan sitiyasyon ki diferan youn ak lòt.

## **1.3 KÒMAN POU UTILIZE PWOSEDI OPERASYONÈL ESTANDADIZE YO**

POS yo se yon dokiman pratik, yo fè pou moun k ap jere kan yo ak aktè k ap travay ladan yo ki blije fè fas ak konsekans moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo.

Pwosedi nan dokiman sa yo senp. Diferan aktè yo dwe adapte l. Sa depann sitiyasyon an, kèk etap nan pwosedi a ka pa nesesè, etap yo ka genyen plis sans si yo fè yo nan yon lòt lòd. Yo ka itilize kèk etap youn dèyè lot, oubyen yo ka reprann yo nan yon pwosesis repete.

Malgre efò negosyasyon/medyasyon diferan aktè yo, yon mèt teren kapab, nenpòt kilè, chwazi fè moun ki deplase yo bay teren li an blanch. Nan ka sa yo, aktè yo dwe ale nan etap oryantasyon moun deplase yo dirèkteman.

Nan yon aspè stratejik, pwoblèm ki poze la a se pwosesis la ki souzantann pou fè yon chwa politik sansib sou kesyon moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo. Pwosedi operasyonèl sa yo eseye bay jesyonè kan yo konsèy pou pèmèt yo reponn a bezwen imanité prese prese yo, pandan y ap respekte prensip imanité fondamantal yo tankou « pa nwi ».

POS yo preskri pwosesis minimal pou aktè yo swiv nan repons yo parapò a moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo. POS yo eksplike ki aktè ki responsab ki aktivite, pou chak etap tankou:

1. Verifikasyon
2. Enfòmasyon Gwoup Sektoryel (CCCM) ak jesyon enfòmasyon an.
3. Premye rankont ak pwopriyetè yo
4. Devlope yon plan pou aksyon
5. Kominikasyon avèk MD (Moun Deplase yo)
6. Negosyasyon-Medyasyon
7. Mete sou pye asistans ki nesèsè yo
8. Mete sou pye yon estrateji pou defans
9. Anrejistreman MD yo
10. Asiste moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade sòti yo epi swivi apre yo fin fè moun sa yo bay tè a blanch.
11. Mete sou pye POS yo – enpòtans kowòdinasyon ak koyerans pou tout patnè.

## 2. Definisyon ak prensip

Nan ka POS sa yo, se definisyon komite dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo ki ap itilize, se sa yo yo plis itilize nan nivo entènasyonal. Yon ka moun y ap fòse yo kite kote l rete a se:

*« Eviksyon pèmanan, oubyen tanporè, kont volonte yo, san yo pa asire yon pwoteksyon lajistis oubyen lòt enstans, pou moun, fanmi oubyen kominote fanmi yo oubyen tè kote yo ye a ».*<sup>3</sup>

Definisyon sa a kouvri tou moun y ap bourade pou soti sou teren/pwopriyete (prive oubyen piblik) kote moun ki sou yo yo pa gen tit pwopriyetè. Definisyon an aplike tou nan kontèks deplasman yo anndan peyi a, sa vle di sitiyaasyon kote yo fòse MDAP yo bay tè kote yo ye a blanch, si yo pa genyen lòt chwa ki pi bon. Yo rekonèt prensip sa yo toupatou sou planèt la epi yo dwe respekte yo tou nan payi Ayiti:

- Bourade moun pou fè yo soti sou tè y ap viv la yo se yon vyolasyon dwa moun (dwa pou genyen yon nivo vi ki sifizan, entèdiksyon entèvansyon abitrè oubyen ki pa legal nan vi prive, fanmi lakay moun oubyen korespondans).
- Bourade moun pou fè yo soti sou tè y ap viv la nan kad Ayiti a ka koresponn tou ak pwosedi ki pa legal ki entèdi.
- Bourade moun pou fè yo soti sou tè y ap viv la se denyè chwa ki rete a li dwe ye
- Yo dwe wè moun ki afekte yo epi moun sa yo gen dwa patisipe nan tout pwosesis pou yo kite tè a/relokalizasyon an.
- Reyenstalasyon/relokalizasyon yo dwe fèt avèk patisipasyon ak konsantman moun afekte yo

---

<sup>3</sup> Obsèvasyon jeneral no. 7 komite dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl (1997)

- Okenn moun pa ka viv yon kote frajil oubyen ekspoze ak vyolasyon dwa moun akòz yo fòse l kite espas li t ap viv ladann lan.
- Sou yon fòm oubyen yon lòt, se sou do chak leta obligasyon legal pou respekte, pwoteje epi reyalize dwa pou bon jan kote pou moun rete an ye, sa vle di yon obligasyon pou pa garanti, tolere oubyen fòse moun kite espas kote yo t ap viv la. Dwa entènasyonal ki gen rapò ak dwa moun enpòtan anpil pou pwoteksyon moun kont vyolans ak dezespwa ki asosye souvan ak yon pwosesis bourade moun pou fè yo bay kote y ap viv la.
- Fòse yon moun kite kote l ap viv la, kit li fèt deja oswa y ap planifye fè l, bezwen yon atansyon rapid san grate tèt. Si sa egziste kote gen ka ki inik yo ka jistifye pouki y ap fòse yon moun bay kote li tap viv lan blanch oubyen montre li rezonab, menm nan zafè dwa moun, menm nan majorite a ki anpil, fòse moun soti kote yo te rete a gen pou konsekans enjistis sosyal la k ap vin pi grav, epi ki egal a vyolasyon dwa fondamantal yo entènasyonal la akseptè.

Nan kalite dwa anndan yon peyi ak dwa entènasyonal, se pou otorite Ayisyen yo prevwa deplasman fòse yo (bourade yon moun pou fè l bay kote l t ap rete a reprezante yon deplasman fòse segondè) epi pwoteje popilasyon an. Kominote imanite a dwe apiye efò yo ap fè yo. Tankou ka MD nan peyi Ayiti yo dwe benefisye solisyon ki dire yo ki gen rapò ak deplasman yo, oubyen yon èd ki sifi jiskaske yo jwenn solisyon k ap dire. Mèt teren prive yo gen dwa ak responsablite pa yo tou yo dwe respekte epi pwoteje.

Li klè sitiyoasyon MDAP yo ka dire, sa pa fè bourade yo pou yo bay tè a blanch parèt legal. Menm jan ak « prensip ki gen rapò ak deplasman moun nan pwòp peyi yo », popilasyon yo mande soti nan yon zòn kote yo rete a, yo dwe avèti l anvan, nan yon delè ki rezonab, ba l yon kantite chwa, tankou retounen lakay yo, soutyen pou yon pwosesis relokalizasyon, epi se yo ki dwe pran desizyon deplase a.

Kit se retou oswa relokalizasyon, solisyon sa ka dire sèlman si li swiv règ solisyon dirab yo, menm sa yo ki gen rapò ak retoun volontè oubyen relokalizasyon an, sekirite ak diyite. <sup>4</sup>Aspè volontè a dwe sipoze absans tout presyon fizik, sikolojik oswa materyèl. Egzanp; ofri lajan ; yo ka konsidere ka sa tankou yon tantativ pou kontrenn, sitou lè sa yo bay la pa nan lis pwopozisyon chwa jan standa entènasyonal yo mande l la. Pou fini, yo dwe ranpli yon kantite garanti pwosedi pou asansyon anvan yo kòmanse fè yo baye spas kote y ap rete an (Gade nan anèks1).

---

<sup>4</sup> Gade, pwoteksyon moun ki afekte nan katastwòf natirèl, direktif operasyonèl IASC oubyen dwa moun ak katastwòf natirèl:

D.2.1.Nan sa ki gen pou wè sou dwa yo ak libète mouvman yo, moun deplase yo nan katastwòf natirèl yo ap jwenn enfòmasyon nesèsè nan dwa yo pou deside ak libète kote yo vle rete- ke yo swete retounen kote yo te rete, entegre kote y ap ye pandan deplasman yo oubyen enstale yo ankò yon lòt kote nan peyi a.

D.2.2. mezi apwopriye ap pran pi rapid pou mete sou pye kondisyon favorab pou yo retounen nòmalmman nan sekirite ak diyite.Yo rekonèt kondisyon nòmala sila yo :

(i) si moun yo santi yo gen sekirite, pa gen entimidasyon, pa gen risk pou lòt dezaz ke risk natirèl ;

(ii) moun yo retounen kote yo te rete a oubyen nan kay yo, yo te rebati kay la oubyen yo byen repara li ;

(iii) moun yo ka reprann vi nòmala yo, pandan ke yo genyen aksè a lekòl, mwayen pou egziste, travay, mache, elt.....san diskriminasyon .

D.2.3.mezi apwopriye yo ap pran pou bay mwayen pou pèmèt viktim katastwòf natirèl yo deplase yo retounen nan kay yo oubyen kote yo te rete a, oubyen rete oubyen enstale yo ankò nan yon lòt pati nan peyi a ak volonte yo. Kondisyon sa yo ka aplike nan pwosesis retounen enstale yo.

### 3. enplikasyon legal pou moun ki nan kan anba tant y ap bourade soti yo

Anpil ka nan moun y ap fè bay tè a blanch nan Pòtoprens depi tranbman tè a lan montre genyen dwa entènasyonal, dwa ayisyen ak prensip entènasyonal ki pa respekte epi ki baze sou dwa moun. Pito yo swiv etap yo di nan lwa anndan peyi a ak estanda entènasyonal yo, yo obsève aplikasyon diferan fòm menas, souvan ki gen vyolans, epi itilizasyon fòs fizik moun ki pretann yo se pwopriyetè fonsye yo. Tout fòm menas ak aplikasyon fòs fizik pwopriyetè yo fè ilegal.

Gen ka tou kote sistèm jiridik la favorize pwopriyetè fonsye yo nan yon fason ki pa jis, egzanp ; lè yo delivre yon jijman ki nan enterè pwopriyetè a san yo pa swiv pwosedi legal yo. Yon jijman konsa ka entèprete tankou li lejitim malgre yo pa respekte dwa entènasyonal yo ak kad legal anndan peyi a. Sa montre kontèks ayisyen kounye a, ratifikasyon pak entènasyonal yo ak refleksyon yo nan konstitisyon an ak lwa anndan peyi Ayiti yo pa sifi pou pwoteje dwa sitwayen deplase yo apre tanbman tè a, menm jan ak dwa pou yo pa fè zak vyolans sou yo pou retire yo kote yo rete a.

Seksyon apre a prezante yon lide sou kad jiridik entènasyonal ak nasyonal.

Daprè sistèm monis lan, tout trete gouvènman ayisyen an ratifye transpoze touswit nan dwa anndan peyi a (atik 276-2 konstitisyon 1987), avèk: pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik (PIDCP), konstitisyon sou dwa timoun (CDE). Anplis, konstitisyon ayisyen an, nan atik 19, fè referans deklarasyon dwa moun lan (DUDH), ki di nan atik 25 « tout moun gen dwa yon nivo vi sifizan pou asire sante, byen pa li, ak pa fanmi li, menm (.....) pou lojman».

<b>Kad jiridik entènasyonal</b>	<b>Kad jiridik nasyonal</b>
<b>Zouti ki kontreyan</b>	
Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik (PDESP-PIDCP) <ul style="list-style-type: none"> <li>i. PDESP, atik 17 (1): entèdiksyon pou antre ilegal nan vi prive moun, fanmi, kote li rete ak korespondans.</li> <li>ii. PDESP, atik 23 (1): pwoteksyon espesyal pou fanmi</li> <li>iii. PDESP, atik 2 (3): dwa pou fè apèl</li> </ul>	Konstitisyon Ayiti (1987): <ul style="list-style-type: none"> <li>i. Atik 22: dwa pou yon lojman ki desan</li> <li>ii. Atik. 36: yo rekonèt pwopriyete prive ke li garanti</li> </ul>
Konvansyon Ameriken ki gen rapò ak Dwa Moun (KADM-CADH) <ul style="list-style-type: none"> <li>iii. KADM, atik 11 (2) ak (3):entèdiksyon pou antre nan vi prive moun yon jan ki pa ilegal, nan vi fanmi, kote yo rete oubyen korespondans, ni atak ilegal sou onè ak repitasyon</li> </ul>	
Konvansyon sou Dwa Timoun (KDT-CDE) <ul style="list-style-type: none"> <li>i. KDT, Atik 9 (1): dwa timoun yo pou yo pa separe yo ak fanmi yo</li> </ul>	Arete itilite piblik, Le Moniteur, 22 mas 2010 Konsidere ... <ul style="list-style-type: none"> <li>i. « se obligasyon leta pou relocalize fanmi yo apre seyis lan(...) »</li> <li>ii. « genyen yon obligasyon pou leta pou l reloje fanmi sa yo nan espas ki pi bon epi apwopriye, ki respekte dwa yo ak diyite yo»</li> </ul>



<p>Deklarasyon inivèsèl dwa moun (dwa ki egziste nan pifò peyi sou planèt la )</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>iii. DIDM-DUDH, Atik 12: rantr san dwa nan vi prive moun, fanmi li, kay li oubyen korespondans</li> <li>i. DIDM, Atik 16 (3): pwoteksyon fanmi</li> <li>ii. UDUDH, Art. 25 (1): dwa pou yon nivo vi sifizan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>iii. Konstitisyon : Atik 49 : Libète, sekre korespondans ak tout fòm kominikasyon yo paka vyole yo.</li> <li>iv. Atik 59: leta pwoteje fanmi, baz fondamantal sosyete a</li> <li>v. Atik 260 : li dwe yon pwoteksyon legal pou tout fanmi.</li> </ul>
<p>Premsip pou pa gen diskriminasyon ke yo rekonet nan DIDM(atik. 2) ak nan kèk trete ak dwa ki egziste nan pifò peyi sou planèt la.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>vi. Konstitisyon, Atik 19 : leta gen obligasyon pou li garanti dwa lavi, sante pou respè moun, pou tout sitwayen san diferans, jan deklarasyon inivèsèl dwa moun lan mande l la.</li> </ul>
<p>Obsèvasyon ak entèpretasyon ki itilize nan nivo entènasyonal/jirispridans</p>	
<p><b>Obsèvasyon jeneral no. 7 komite dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl (1997) :</b>          Tout ekspilasyon dwe genyen yon seri garanti pwosedi ladann:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. wè moun ki afekte yo;</li> <li>2. fè yo konnen nan yon dat ki rezonab lè pou yo kite espas kote y ap viv la;</li> <li>3. enfòmasyon sou rezon pou yo kite espas la bay nan yon dat ki rezonab;</li> <li>4. prezans obligatwa fonksyonè gouvènman oubyen moun yo voye sou plas pandan peryòd pou moun lan kite kote an;</li> <li>5. idantifikasyon moun ki ap mande pou moun ki nan espas la deplase</li> <li>6. entèdiksyon pou fè moun yo kite espas la nan yon move tan ;</li> <li>7. chimen pou yo fè pou yo al lajistis ki disponib;</li> <li>8. bay lè sa posib, yon asistans legal bay moun k ap chèche reparasyon nan chimen lajistis.</li> </ol>	
<p><b>Wo-komisarya dwa moun, fich enfòmasyon dwa moun no. 25</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>i. “[...] lè moun oubyen gwoup deside okipe yon teren oubyen yon lojman paske yo pa genyen. [...] gouvènman yo dwe aji avèk moderasyon, nan respè obligasyon ki se pa yo pou dwa moun sa yo jwenn yon bon kote pou yo rete.</li> </ul>	
<p>San kontrent (“soft law”)</p>	
<p><b>Rezolizyon komisyon dwa moun 2004/28, Entèdiksyon pou fòse moun kite kote yo rete a</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>ii. « konsidere pratik la, ki souvan fèt ak vyolans, nan fòse moun kite kote yo rete a, separe kont volonte yo, san sa pa depann de karaktè legal oubyen de yon pwosede ki koresponn ak yon sistèm jiridik ki ap fonksyonnen, moun de fanmi ak gwoup yo, de kominote yo, nan miltipliye kantite moun ki pa gen</li> </ul>	

kay epi kreye kondisyon lojman ak egzistans ki pa kòm sadwa »	
<p><b>Prensip deplasman moun anndan peyi yo (1998)</b></p> <p>i. Atik 7 (1): lòt posibilite pou etidye pou evite fè moun kite espas y ap viv ladann nan. Lè pa gen lòt chwa, tout bagay dwe fèt pou kantite moun ki deplase yo ka pi piti ke posib epi limite move efè yo.</p> <p>ii. Atik. 7(2): moun menm fanmi pa dwe separe</p> <p>iii. Art 18 (1) et (2) (b): dwa pou yon nivo vi sifizan,abri ak lojman</p>	
<p><b>Manyel HCR sou rapatriman konsanti ak libète</b></p> <p>«kesyon konsantman lib la sipoze absans tout kontrent fizik, sikolojik oswa materyèl. Yon jan an jeneral, HRC a dwe konvenk ke faktè k ap atire yo se eleman ki pi enpòtan paraparò ak faktè enfluyans negatif yo [...] tankou menas sou pwopriyete nan peyi orijin nan ».</p>	

Nan kad legal Ayisyen an, tout pwosesis fè moun kite kote y ap viv lan ki pa suiv pwosedi yo bay la, ilegal epi MDap k ap viv sou teren ki pou patikilye yo pwoteje pa prensip sila yo :

- Mèt teren an blije ale lajistis, devan tribinal depè ak tribinal premye enstans oubyen tribinal sivil. Fè moun kite yon espas, nan sa ki gen pou wè ak dosye sivil oswa prive, pa ka fèt san yon desizyon lajistis ki ap rive kote otorite ki ka jije ka a, sa vle di yon desizyon ki pase pa tout pwosedi ki dwe fèt yo jiskjaske li abouti. Kidonk, yon desizyon ke yo pa ka jije nan yon jiridiksyon ki pi wo.
- Ajan legal apwopriye yo dwe avize Chak MDE pou tout aksyon yo pran kont yo.
- Pou yon aksyon legal ka fèt kont yon MDE, moun lan dwe nonmen nan plent lan oswa nan zak jidisyè oubyen ekstrajidisyè a.
- Tout ka kote y ap fè yon MDAP kite yon kan pa ka fèt san prezans yon jij depè ki dwe bay yon yuisye otorizasyon pou rantre nan zòn nan pou egzekite yon desizyon tribinal premyè enstans. Li dwe genyen desizyon egzekisyon pakè a.
- Chak MDAP gen dwa fè apèl tout jijman ke yo fè kont li nan jiridiksyon degre siperyè, jis nan kou kasasyon an.
- Chak MDAP gen dwa mande yon refere tout jijman ki pral fèt kont li, sa ki pa sispann egzekisyon jijman an jiskaske jij refere a statye l sou validite ak regilarite egzekisyon an
- Yon jijman ki fèt kont MDAP yo pa ka fèt anvan ekspirasyon delè pou fè entèkansyon apèl la (30 jou fran) sèlman si se yon jijman « sou minit » ke MDA yo ka mande yon refere.
- Yon jijman ki fèt kont MDAP yo pa ka fèt : anvan 6zè nan maten, apre 6zè nan aswè, yon dimanch, yon jou konje ofisyèl sof si gen pèmisyon prese jij la.
- Okenn zak kriminel non plis, tankou kraze kay- pa dwe fèt pou fè moun yo bay tè a blanch.

#### **4. ELEMAN REpons KOWÒDONE POU MOUN Y AP FÒSE KITE ESPAS YO T AP RETE LADANN NAN, WÒL AK RESPONSABILITE.**

Pou reponn ak efikasite a sitiyaşyon moun sinistre seyis yo kap viv nan kan an Ayiti yo, ke y ap bourade soti yo, aktè ki te kontribiye nan devlopman Pwosedir Operasyonel Standadize sa yo te mete yo dakò pou separe wòl ak responsabilite nan eleman Apwòch Standadize sa yo.

##### **4.1. VERIFIKASYON: JESYONÈ KAN / PWEN FOKAL (AVÈK KOMITE KAN AN)**

Depi komite kan an oubyen jesyonè/pwen fokal kan an tande rimè oubyen jwenn avi yo pral fè moun kite espas kote yo ye a, oubyen tande kan an ap fèmen, aktè yo dwe bay yon repons rapid. Pou yo ka mete premye eleman menas moun ki nan kan anba tant yo y ap bourade soti yo sou pye, yo echanje tout enfòmasyon yo genyen epi pran kontak ak biwo meri a epi lòt aktè lokal yo ki jwenn enfòmasyon an. Objektif pran kontak ak biwo meri a se echanj enfòmasyon ak verifikasyon pwopriyetè fonsye moun ki pretann li se mèt tè a. Si sa Chita sou yon rimè, jesyonè kan an/pwen fokal la, ak komite kan an ka deside tou yon fason pou prevansyon, ouvè yon dyalòg ak pwopriyetè a sou entansyon sa, anvan yon avi oubyen menas fè moun yo bay tè a fèt.

Sou baz premye rankont sa yo, jesyonè kan/pwen fokal la, evalye sitiyaşyon an pou l wè si se yon ka kote y ap fòse moun yo kite espas kote yo ye a, jan entènasyon la define l la. MDAP yo gen dwa pou yo jwenn garanti pwosedir ki gen rapò ak estanda entènasyon la dwa moun yo. Garanti sa yo dwe respekte nan tout pwosedir pou yo fè yo kite espas la ak relokalizasyon yo (lè yo prevwa sa) epi sa sipoze mete sou pye mezi pwoteksyon depi nan koumansman.

Anèks 1 « Garanti pwosedir yo nan ka moun y ap fòse kite kote yo ye a: kritè, premye etap ak evalyasyon priyorite yo » Anèks 2 « mezi pwoteksyon ak prensip pou pran nan kad pwosesis fè moun yo kite kote yo ye a » bay eksplikasyon ak detay ak yon lis pou tcheke pou analize respè garanti pwosedir ak aplikasyon mezi pwoteksyon yo.

Dapre lwa ayisyen an, pwopriyetè teren ki nan diskisyon (oubyen mandatè a) blije fè yon aksyon lajistis. Eleman sa yo (ki pa konplè) pèmèt yo idantifye si yon pwopriyetè pran yon aksyon legal kont moun ki sou teren yo. Obsèvasyon sa yo pèmèt konnen si mèt teren an te byen swiv demach obligatwa yo (pou plis detay, ale nan anèks 3 sou aspè legal yo) :

- Pwopriyetè a fè apèl bay yon jij ki vin konstate zòn nan, sa vle di verifye epi ateste moun yo sou teren an vre. Jij la ap avèk yon grefye epi pafwa avèk plizyè polisye ki ak inifòm. Jij la ap idantifye l epi ap bay rezon prezans li. Apre sa, jij depè a ap fè yon pwosè vèbal. Sa depann ka a, li ka mande MDAP yo enfòmasyon, tankou idantite yo, konbyen tan yo genyen nan zòn lan, moun ki te ba yo otorizasyon vin sou teren an, elt...
- Pwopriyetè a entwodwi yon aksyon la jistis, mande yuisye a envite MDAP yo (pa entèmedyè komite a) pou yo parèt nan tribinal. Envitasyon an genyen non moun ki mande l la ak non moun ki nan defans lan, objektif la se rezime mwayen yo, enfòmasyon nan rankont lan. Delè pou moun yo parèt lan se yuit jou ouvrab, sa vle di dis jou òdinè.

Anèks 3 « enfòmasyon sou aspè legal ka moun y ap fè kite espas yo t ap viv sou li a annayiti » bay konesans pou konprann epi metrize detay jiridik yo ki gen rapò ak ka moun y ap fè kite espas yo t ap viv sou li a.

#### 4.2. ENFÒMASYON GWOUPE SEKTORYÈL CCCM AK JESYON ENFÒMASYON : JESYONÈ KAN ; OIM

Jesyonè kan oubyen pwen fokal, fè yon rapò sou ka moun y ap fòse kite kote y ap viv lan, li itilize CMO zòn nan, group Sektoryèl CCCM [cccmhaiti@iom.int](mailto:cccmhaiti@iom.int), ([gade](#) lis kontak CMO OIM sa yo) oubyen nan kourye elektronik, itilize fomilè rapò ensidan (anèks 4).

COMMUNE COORDINATION OFFICER	PETION VILLE	Lucas Chef	3701-6203	lchef@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	PETION VILLE	David Guervil	3680-1269	dguervil@iom.int
COMMUNE COORDINATION OFFICER	CROIX DES BOUQUETS	Alain Kamgang	37027592	akamgang@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	CROIX DES BOUQUETS	TBD (Jacques St.)		
COMMUNE COORDINATION OFFICER	DELMAS	Kioy Peter	3702- 1663	pkioy@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	DELMAS	Carline SAUREL	36680708	csaurel@iom.int
COMMUNE COORDINATION OFFICER	TABARRE	Lataste ludovic	3702- 5069	llataste@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	TABARRE	Cesar Herode	3690- 4297	hcesar@iom.int
COMMUNE COORDINATION OFFICER	CARREFOUR	Rolande Fouda	3702-7977	rfouda@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	CARREFOUR	Fred Standley Vincent	36802066	fsvincent@iom.int
COMMUNE COORDINATION OFFICER	PORT AU PRINCE	Alain Trocher	3702-1657	atrocher@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	PORT AU PRINCE	Witley Mesidor	3747-6354	wmesidor@iom.int
COMMUNE COORDINATION OFFICER	CITE SOLEIL	Luc Magloire ONDOUA MBEGA	3702-7590	londoua@iom.int
COMMUNE COORDINATOR ASSISTANT	CITE SOLEIL	Pierre Guelson Theluscat		pgtheluscat@iom.int

CCCM/OIM asire yo yo mete enfòmasyon yo ajou epi dwe voye yon rapò sou ka moun y ap fòse kite kote y ap viv lan, bay gwoup sektoryèl pwoteksyon an chak 2 semenn.

#### 4.3. PREMYE RANKONT AVEK PWOPRIYETE FONSYE YO : JESYONÈ KAN, KOMITE KAN, MERI

Mesaj ak ton yo itilize pandan rankont lan enpòtan, objektif lan se rezoud sitiyaasyon an yon fason ki akseptab pou tout pati yo (egzanp, yon kalandrye pou kan an ka fèmen ti pa ti pa, ki fonde sou yon solisyon ki dire), sa ka youn nan plizyè rankont nan tout pwosesis la. Diskisyon sa yo avèk pwopriyete a ka pote fwi epi pwosesis la ap evolye yon jan ki pozitif.

Li enpòtan pou raple pwopriyete a dwa moun ki deplase yo epi sansibilize li sou sitiyaasyon yo ki frajil. Mesaj kle a dwe nan tout sikonstans tout pwosedi ki pou ka moun y ap bourade soti yo, li dwe reyalis nan respè pwosedi legal ayisyen an ak dwa entènasyonal yo, ak prensip ki gen rapò ak dwa moun.

Si meri a patisipe nan rankont sa yo, fòk nou raple li responsablite li nan retou ak relokalizasyon MDAP yo.

#### **4.4. DEVLOPE YON PLAN POU AKSYON : JESYONE KAN, KOMITE KAN**

Sou baz verifikasyon, enfòmasyon ke yo bay CCCM, ak rankont analiz avèk pwopriyete fonsye a, jesyonè kan an, ak kolaborasyon komite kan an, dwe devlope yon plan pou aksyon lokal pou ka spesifik la. Fòk yo genyen yon ajans kowòdinasyon ak èd imanite epi fè limyè sou responsabilite aktè yo. Sa depann de sikonstans lan, aktè ajans kowòdinasyon an ka ajans ki jere kan an, CMO OIM, pwen fokal nan jesyon strateji, reprezantan meri oubyen lòt. Chak ka mande yon konbinezon inik sou strateji yo ak apwòch metodolojik yo.

#### **4.5. KOMINIKASYON AVÈK MDAP YO: TOUT AKTÈ YO, AJANS KOWÒDINASYON K AP FÈ L LA.**

Lè yo fin verifye ka kote y ap fòse moun kite espas kote yo rete a, fòk yo asire yo ke tout rezidan yo jwenn enfòmasyon an. Echanj avèk moun ki deplase yo ki rete nan kan an dwe kontinye pandan tout pwosesis la. Pwosesis sa dwe enplike tout patnè ki dakò sou yon sèl mesaj. Echanj yo dwe kowòdone nan yon kanpay ak plizyè medya ki dwe monte pou enfòmè tout moun nan kan yo, 2 mesaj sa yo dwe kominike:

- Okenn eviksyon pa dwe fè san MDAP yo pa dakò;
- Tout altènatif yo dwe analize ak moun ki afekte yo.

Anèks1, 2 ak 3 genyen eleman enpòtan pou fè kominikasyon ak MDAP yo:

1. Garanti pwosedi yo nan ka moun y ap bourade pou kite espas kote y ap viv lan : kritè, premye etap ak evalyasyon priorite yo
2. Mezi pwoteksyon ak prensip konsidere nan kad pwosesis fè moun yo kite espas lan
3. Enfòmasyon sou aspè legal ka moun y ap fè kite espas kote y ap viv nan Ayiti

#### **4.6. NEGOSYASYON-MEDYASYON: KOMITE KAN, JESYONÈ KAN, ESPESYALIS LEGAL**

Objektif prensipal negosyasyon an ak medyasyon an se jwenn yon delè siplemantè. Agiman yo fonde sou dwa ayisyen an ak sou dwa entènasyonal ak prensip entènasyonal dwa moun yo (Gade nan seksyon ki rele enplikasyon legal ka moun kin an kan anba tat y ap bourade soti yo)

Negosyasyon: Si pwopriyete fonsye a pare pou l negosye dirèkteman ak rezidan kan yo (oubyen entèmedyè komite a), objektif la se jwenn yon solisyon nan negosyasyon an.

Anèks5 lan genyen eksplikasyon pou yon konpreyansyon global pwosesis negosyasyon, bon pratik pou yon negosyasyon efikas, ak risk potansyèl

Medyasyon: si negosyasyon an pa posib oubyen paka jwenn rezilta pozitif pou rezidan kan yo, yon medyatè nesèsè pou ede debloke pwosesis la.

Nan ka genyen medyasyon, twazyèm pati a dwe genyen kapasite ak konpetans pou jwe wòl sa. Li enpòtan pou òganizasyon oubyen moun ki jwe wòl medyatèa konprann ke li pa la pou li negosye pou yon pati. Li pa la pou li reprezante yon pati devan lalwa. Li dwe atire atansyon tout pati yo depi nan kòmansman medyasyon an sou wòl li nan fè limyè san gratetèt, li pa an mezi pou l konnen kiyès ki gen rezon oubyen kiyès ki gen tò.

Anèks 6 la bay agiman sosyojiridik ak teknik pou apiye medyasyon an

#### **4.7. METE SOU PYE ASISTANS KI NESESÈ : TOUT PATNÈ YO**

Sou baz premye negosyasyon-medyasyon yo avèk pwopriyete a, patnè yo reyevalye apwòch la, responsabilite yo, epi idantifye ki resous siplemantè yo bezwen. Pou ka ki konplèks yo, Inite pwoteksyon IOM lan (Gwoup Sektoryèl pwoteksyon apiye a) pa bay konsèy sou ki tip aksyon ki bon:

- yon aksyon lajistis devan tribinal yo pou kanpe ka moun y ap bourade soti yo
- Reprann negosyasyon-medyasyon yo avèk sipò ranfòse/nouvo moun k ap fè entèvansyon yo
- Pale tousuit sou kesyon sekirite nan kominike avèk :
  - Polis Nasyonal Dayiti (PND)
  - UNPOL
  - Seksyon Dwa moun Minista(MINUSTAH)

Nan ka kote pwopriyete fonsye a fè yon pwosedi legal, MDAP yo nan komite a oubyen chak grenn moun, dwe eseye fè yon avoka vini pou apiye yo nan defans yo. Si pwopriyete a pare pou l suiv pwosesis la, avoka MDAP yo ap asire defans lan nan tout pwosesis la. Si manke chwa lojman pou MDAP yo pou yon ti tan oubyen pou lontan, objektif prensipal defans lan se jwenn yon jijman ki favorab pou MDAP yo, epi si sa ta enposib, pwolonje epi ralanti pou pi lontan pwosèvèbal la pou genyen tan pou MDAP yo

Defans yon avoka ka fasilite pa asistans legal ke ONG ki spesyalize nan domèn lan yo yo epi k ap travay nan kan oubyen pase pa kominote entènasyonal la nan gwoup Travay Lojman-fonsye-pwopriyete. Gwoup la ap monte yon mekanis asistans legal. Pou plis detay ekri nan Adrès elektronik: [HLP@onuhabitat.org](mailto:HLP@onuhabitat.org)

Anèks 3 « enfòmasyon sou aspè legal ka moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan annayiti » genyen rekòmasyon pou reyaji nan tan reyèl sou pwosesis jiridik ke pwopriyete yo angaje kont moun ki deplase yo.

#### **4.8. DEVLOPE YON STRATEJI DEFANS: OIM, GWROUP SEKTORYÈL PWOTEKSYON, ONG, KOWÒDONATÈ IMANITÈ ONI, CIRH**

Objektif prensipal defans lan se rele aktè kle yo ki gen pouvwa chanje klima a oubyen prevwa ka moun y ap bourade pou kite espas kote y ap viv lan. Inite pwoteksyon OIM, gwoup

Sektoryèl pwoteksyon, ONG, Kowòdinasyon Imanitè, ONI, CIRH, Meri yo, Direktè depatmantal Pwoteksyon Sivil, Ministè konsène yo, premye minis ak prezidan an, ki ka konstitye aktè yo ki ka jwe wòl enpòtan nan defans lan, sa depann de kondisyon ka a. Inite pwoteksyon OIM avèk manm gwoup Fonsye-Lojman-pwopriyetw ka bay konsèy sou etap defans lan.

:

- ki sib ki apwopriye pou defans lan ;
- ki aktè ki apwopriye pou mennen defans lan, egzanp : kowòdinasyon gwoup sektoryèl pwoteksyon, CCCM, Chèf Misyon OIM, komisyon enterimè pou rebati Ayiti, kowòdinasyon imanitè Nasyon Zini....)

Anèks7 pwopoze kle pou defans lan

Tout aktè imanitè yo dwe itilize mesaj sa yo tankou mwayen defans lan plis ke posib

#### **4.9. ANREJISTRE MDAP YO : OIM AK AJANS PATNÈ YO**

Anrejistreman an dwe fèt depi yo fè yon menas pouf è moun kite espas kote yo ye a, se pou li fèt paralèlman ak lòt etap ke yo bay detay sou yo anwo a. Enfòmasyon sou fanmi yo esansyèl pou ede sa yo ki enplike nan pwosesis retou a ak reyenstalasyon yo. Si pwosesis retou a kanpe oubyen redui apre yon ka moun y ap fòse kite kote y ap viv lan anvan yon solisyon negosye epi volontè yo jwenn pou tout fanmi yo, nimewo telefòn fanmi yo ap zouti esansyèl pou kenbe kontak ak sa yo ke yo te fòse kite kan an. Si tout fanmi yo byen anrejistre anvan yon fòse yo bay tè a blanch, yo ka patisipe nan pwosesis retou an.

Inite anrejistreman OIM se aktè kowòdinasyon pou etap sa a. Kote kapasite pa l pa kont pou l fè anrejistreman an, li idantifye lòt patnè epi fòme pesonèl pou pèmèt anrejistreman an fèt.

« Kesyonè anrejistreman faz II » (Anèks 8) itilize pou anrejistreman an.

Yon efò dwe fèt pou idantifye, evalye epi jwenn solisyon pou moun/fanmi frajil yo lè anrejistreman an.

Pou yon lis kategori MDAP yo ki gen bezwen spesifik (frajil), gade anèks 9.

Lis sa sèvi referans pou ankèt entansyon retou moun deplase anndan peyi a ki rete nan kan yo. Lis fanmi frajil yo se pou pataje avèk aktè Pwoteksyon ke gwoup Sektoryèl; Pwoteksyon ap ba yo.

**4.10. ASISTE MOUN Y AP BOURADE POU KITE ESPAS KOTE Y AP VIV LAN A AK SUIVI ANVAN YO METE YO DEYÒ : OIM, AJANS PATNÈ YO, KOWÒDONATÈ POU RETOUNEN NAN KATYE YO AK LÒT AKTÈ KI ENPLIKE NAN PWOSESIS RETOUNEN AN.**

Sa ka rive, malgre tout efò negosyasyon/medyasyon, pwopriyete fonsye a chwazi mete moun yo deyò sou teren li an. Nan ka sa, aktè ki te eseye evite sa yo dwe fè aksyon sa yo:

Siveye epi rapòte si gen abi: depi y ap fè moun yo kite espas lan, fonksyon aktè yo k ap travay nan zòn nan se fè yon rapò sou tout ka vyolasyon dwa moun. Nan kèk ka abi evidan, yon travay ka fèt nan plas repons jiridik yo. Kontwòl dewoulman zak fòse moun yo bay espas la dwe fonde sou garanti pwosedi (anèks1) ki spesifye ke yo te dwe suiv kèk etap anvan, pandan epi apre yo fin fòse yo kite espas la pou minimize efè negatif ak vyolasyon dwa moun.

Anèks 10 pwopoze yon modèl fòmilè pou suiv sitiyasyon moun deplase yo apre yo fin mete yo deyò.

Mete tout moun mete deyò yo nan yon pwosesis retou ak yon lòt enstalasyon: yo dwe kontakte chak fanmi ak tout sa ki bezwen pwosesis retou an ak reyenstalasyon an. MDAP yo yo te met deyò yo epi ki pap viv nan yon kan ke yo te ye a, kontinye gen menm dwa pou solisyon retou ak reyenstalasyon an epi yo dwe anndan pwosesis retou an ak reyenstalasyon an ki pa depann de stati moun yo bourade soti yo. Yo dwe kontakte fanmi yo apre fin mete yo deyò an pou yo ka entegre tout sa ki bezwen pwosesis la. Etap sa depann de anrejistreman an (gade fòmilè anèks 4) paske li depann de enfòmasyon ki fèk fèt sou fanmi yo, ladann genyen nimewo telefòn pou yo ka jwenn fanmi yo apre yo fin mete yo deyò.

Jesyon enfòmasyon yo, evalyasyon ak rapò: kòm pwoblèm yo anpil, li ka enposib pou anrejistre bon enfòmasyon yo pou tout fanmi yo mete deyò yo, men, echantiyon enfòmasyon fanmi yo, pral jwenn inite anrejistreman OIM. Chanjman nan baz enfòmasyon yo ka genyen:

- Moun yo bourade soti nan kan an
- Pran desizyon kite kan an limenm
- Te jwenn yon tant pou lojman\_\_\_\_\_ aktè lojman

Fèmen kan an : pwosesis retou an ta dwe etabli depi kan an fèmen, jesyonè kan an dwe asire ke yo retire enfrastrukt ki te disponib yo. Apre, fòk pwopriyete teren an ak reprezantan meri a, DPC ak CCM ranpli fòmilè « konsta ofisyèl zòn vid la »<sup>5</sup>.

Anèks 11 « konstat ofisyèl zòn vid » se yon fòmilè pou ranpli pou di kan an fèmen men ladann gen plis enfòmasyon sou pwosedi fòmèl sou kan an ki fèmen an

Pou suiv pwosedi retou an, aktè enplike yo ap kontinye chèche solisyon ki dire pou lojman tankou ka nan tout pwosesis retou, menas mete moun deyò nan kòmansman pwosesis la pa ta dwe

---

<sup>5</sup> Travay OIM



chanje konpòtman aktè yo nan mobilizasyon tan ak resous nan chèche yon solisyon pou yon tan ki kout.

#### **4.11. METE SOU PYE POS – ENPÒTANS KOWÒDINASYON AK KOYERANS TOUT PATNÈ YO**

Pou yo ka jwenn pi bon enpak posib nan prevwa ka moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan (ak tout lòt moun annayiti), li enpòtan ke manm tout òganizasyon kontribye nan efò pou aplike POS yo. Apwòch la mande angajman pou travay avèk lòt yo pou reyalize prensip ak suivi pwosedi elabore nan dokiman sa a, pandan n ap jwe wòl respektif nou. Yon apwòch konsa ki gen amoni ap pèmèt reponn ak efikasite defi ka moun y ap bourade soti yo.

Tout oganizasyon nasyonal ak entènasyonal enplike nan chèche solisyon altènatif ka moun y ap fòse bay tè a blanch yo, dwe kominike mesaj ki konvèjan, evite kontradiksyon epi aji nan koyerans. Nan objektif sa a, fòk òganizasyon yo asire ke pèsone yo ki gen responsabilite nan domèn sa genyen tout yon egzanplè POS la nan men yo.

Gwoup Sektoryèl peoteksyon ap distribiye POS la epi yon kanpay sansibilizasyon-fòmasyon ap fèt, nan Gwoup Travay Lojman-Fonsye-pwopriyete.



## **Group travay Lojman-Fonsye-Propriete**

# **ANÈKS**

## **Prozedi Operasyonel Standadize pou yon répons kowòdone pou ekspilsyon fosé yo**

1. Garanti prozedi yo nan ka ekspilsyon fòse yo : kritè, premye etap yo epi evalye priyorite yo
2. Mezi pou pwoteksyon et prensip pou pran nan sitiyaasyon yon pwosesis ekspilsyon
3. Infòmasyon sous aspè legal ekspilsyon fòse yo an Ayiti
4. Ekspilsyon fòse– Fòmilè rapò ensidan yo
5. Négosyasyon: bon pratik pou yon negosyasyon efikas
6. Agiman socio-jiridik epi teknik pou apiye meditasyon
7. Mesaj defans yo kont ekspilsyon fòse yo
8. Kesyonè anrejistreman faz II
9. katégori moun ki deplase anndan peyi a « frajil »
10. Modèl fòmilè pou swiv sitiyaasyon moun ki deplase yo aprè yon ekspilsyon
11. Konsta ofisyèl yon zòn vid

## ANÈKS 1 :

### **Garanti pwosedi yo nan ka moun ki nan kan anba tant y ap bourade soti yo : kritè, premye etap epi evalyasyon priyorite yo**

#### **Objektif**

Ede moun ki konsène yo komprann pi byen dwa ak garanti ke la lwa ba yo lè yo gen pou fè fas ak sitiyasyon yo rele ekspilasyon fòse yo. Sa ki kapab ede yo pran devan pou evite jan de sitiyasyon sa yo fè twòp dega

Dapre dwa entènasyon yo, fè moun yo bay tè a blanch ka konsidere tankou yon vyòl sou dwa moun. Yo dwe evite sa nan tout jan. Gen sitiyasyon kote yo ka jistifye metemoun yo deyò, men se sèlman nan ka eksepsyonèl yo epi si yo dewoule jan dwa entènasyon yo mande l. Si yo paka evite sa, Leta dwe veye pou sa fèt nan legalite, ak rezon, epi jan dwa entènasyon yo la mande l.

Depi se pou pwoteje moun kap viv nan zòn danjere yo tankou kay ki kraze, kote ki abitye gen katastwòf ak dezaz natirel (egzanp : zòn ki ka sibi inondasyon, glisman teren), ak tout lòt ka ki sanble yo, ekspilasyon fòse ya se yon nesosite. Li dwe fèt. Menm nan ka sa yo, prosedi ekspilasyon fòse dwe fèt nan respè sadwa peyi a ak dwa entènasyon yo mande. Men prensip ak fòmalitye ke yo dwe respekte nan tout sitiyasyon ki mande pou ekspilasyon fòse fèt e si se sèl solisyon ki genyen<sup>6</sup> :

- Konsiltasyon ak patisipasyon moun ak kominote ki afekte yo;
- Bay tout enfòmasyon sou prosedi ekspilasyon fòse nan yon delè ki rezonab ;
- Posibilite pou moun ki konsènè yo gen rekou devan administrasyon yo oswa devan lajistis (enfòmasyon ki konsènè aspè jiridik yo dwe rive jwenn entereze yo : entereze yo dwe benefisyè, le sa posib ; yon èd/asistans jiridik)
- Reprezantan Gouvènman an dwe prezan nan moman ekspilasyon yo ap fèt la. Epi moun ki ap fè ekspilasyon dwe idantifye yo. Li entèdi pou yo fè ekspilasyon fòse kont moun yo nan nwit, jou konje yo avèk wikenn oubyen lè gen move tan, eks...
- Ekspilasyon fòsé yo pa dwe fè moun yo twouve yo san kay pou yo rete oubyen meme yo nan sitiyasyon pou lòt moun ap viyole dwa fondamantal yo
- Yo dwe idantifye lòt altèrnativ pou relocalize oubyen rekonpanse moun yo anvan yo kòmanse ak ekspilasyon fòsé a ( eg : ede yo jwenn yon bon kote pou yo rete)
- Yo dwe idantifye fanm yo, timoun, adolesan, moun andikape yo ak lòt moun ou byen group moun ki frajil nan moman ekspilasyon fòse a san diskriminasyon.
- .

Gouvènman an dwe jwenn soutyen pou li respekte epi akonpli reskonsabilite li.

---

<sup>6</sup> Obsèvasyon jeneral No 7 (1997), dwa pou lojman kòm sadwa (art. 11, par. 1, de Pak lan) : moun ki nan kan anba tant y ap bourade soti yo-paras. 16 et 17

## 1 - Modèl lis ki pwopoze ki pou pèmèt yo verifye si prosedi yo respekte

Kèk eleman nan kad yon ekspilasyon ki respekte garanti prosedi la lwa trase (pou ekspilasyon fòse ki planifye yo, pase sou kesyon ki pa aplike ak yo):

- Eske tout altènativ yo te byen egzaminen avèk èd moun ki afekte yo anvan yo kòmanse mete moun sa yo deyò (yon fason pou evite oubyen redui ke yo chwazi fè l ak vyolans)?
- Eske tout moun ki konsène nan ekspilasyon fòse yo te jwenn bon jan enfòmasyon nan yon delè ki rezonab ?
- Eske te gen reprezantan Gouvènman an prezan lè ekspilasyon an tap fèt la?
- Eske tout moun ki t ap fòse moun yo kite espas lan te idantifye tèt li?
- Eske moun yo te gen garanti ke ekspilasyon fòse a pap fèt nan nwit, jou konje, yon wikenn oubyen nan move tan (sèlman si moun kap fè ekspilasyon yo deside lòt jan)?
- Èske yo bay moun y ap mete deyò garanti ke yo pap rete san kay oubyen nan nenpòt sitiyoasyon ki vyole dwa fondamantal pa yo?
- Èske bon jan mwayen pou chèche rekou l lajistis te disponib pou moun ki konsène yo (genyen ladann konsiltasyon jiridik epi èd jiridiksyonèl) ?
- Èske moun y ap mete deyò yyo te gen dwa pou jwenn bon jan dedomajman pouzafè pèsone yo pèdi oubyen ki kraze nan moman yap mete yo deyò a?
- Èske yo prevwa yon seri mezi pou ede moun yo ekspilse yo jwenn bon jan kote pou yo rete oswa fè yo ale nan lòt zòn oubyen eske gen lòt solisyon yo planifye pou yo ?
- Eske yo pran tout kakilte mezipo pou gen okenn fòm diskriminasyon ki egziste lè ekspilasyon fòse a ap fèt, sa vle di pou fanm yo, jenn moun, timoun, granmoun, moun andikape, oubyen tout lòt moun nan sitiyoasyon ki frajil?

## 2- Lòt bagay ki ajoute: yon evalyasyon rezonab, solisyon ki dire pi lontan

Lè yo pa respekte prensip sa yo ki nan dwa entènasyonal yo, se vyole yo vyole dwa moun yo genyen, epi sa kapab pran plizyè fòm tankou: pa bay moun yap bourade sòti yo enfòmasyon ki klè; pwosesis la fèt avèk vyolans epi san respè prensip ak lwa yo ; moun y ap fòse kite espas la, yo pa jwenn enfòmasyon ki konsène ekspilasyon fòse a yon delè ki rezonab ; yo vin rete san kay epi ap souffri paske kondisyon yap viv la vin pi grav ; pa gen anyen ki te prevwa pou konpanse yo oubyen mete yo yon lòt kote ; genyen lòt dwa ekonomik ak sosyal, avèk dwa pou genyen yon lojman nòmal ki vyole.

### - kesyon 1 : Èske gen rezon pou yo fòse moun yo kite espas la?

Evalyasyon sa ka baze sou analiz kritè sa yo : yon pwojè devlopman oubyen lòt bagay avèk anpil travay kreye ke y ap mete sou pye ou byen ki fèk aktive ? èske teren kote y ap mete moun yo deyò a gen danje(inondasyon, glisman teren, eskè gen anpil chans pou move tan frape li de tanzantan)?

### - Kesyon 2 : pwosesis ekspilasyon fòse sa se nan lojik pou pèmèt moun yo retounen lakay yo byen vit oubyen se pou yo ka chèche yon solisyon ki pi bon epi kap dire pi lontan?

Si se sa, analiz la dwe chita sou etap sa yo ki fonde sou konsepsyon ak solisyon ki dire pou moun ke yo deplase yo annandan pwòp peyi yo<sup>7</sup>(MDAP). Nan sans sa, dwe genyen yon solisyon dirab epi ki efikas.

- pèmèt ke moun yo retounen tout bon vre nan zòn/katye ke yo soti a (ke yo di nan tèm « Retou »;
- Ede MDAP yo enstale yol nan zòn kote yo jwenn refij (entegrasyon lokal) ;
- Ede yo jwenn kote pou yo rete yon lòt kote nan peyi a (mete yo yon lòt kote nan peyi a).

<sup>7</sup> A/HRC/13/21/Add.4

Tout solisyon ki dire ke yap chèche pou MDAP yo dwe chita sou prensip sa yo:

- Yon pwosesis, non sèlman kap dire, men tou kap diminye etap apre etap tout bezwen ki gen rapò ak deplasman yo a nan respè dwa moun san diskriminasyon ni prejije;
- Yon pwosesis ki konplike ki chèche rezoud pwoblèm imanité yo, rebati ak ranfòse lapè, devlopman ak dwa moun;
- Nan kad pwosesis la Aktè yo dwe pran bon jan angajman ki pa depaman youn ak lòt.

Nan menm sityasyon an, youn nan kritè ki ka ede nou konnen si yo te pran yon desizyon pou youn solisyon dirab, se lè nou wè MDAP gen yon kalite lavi ki plizoumwen pèmèt yo gen yon kote pou yo rete, san patipri,, epi rezilta ke moun ki deplase yo jwi san diskriminasyon, yon nivo vi ki kont, sa vle di yon ti kay, swen sante, manje, dlo ak lòt mwayen pou yo viv. Yon nivo vi ki kont ki egzije minimòm lan, moun deplase yo dwe jwenn : pwodwi alimantè ak dlo, yon lojman minimòm, swen sante minimòm avèk tou swen apre abi seksyèl yo ak lòt swen pwokreyatif, asenisman, ak pi piti, aksè pou edikasyon

Nan konteks sa, « kont » vle di ke byen ak sèvis minimòm sa yo :

- **Ase an kantite ak nan kalite yo epi yo disponib pou moun ki afekte yo**, mete nan lespri fason moun nan zòn nan wè sa. Egzanp, sa ka rive ke yo dwe remèt an bon eta yon seri lojman oubyen bati lòt kay pou moun ki deplase yo nan menm solisyon dirab sa, si genyen moun ki pat pwopriyete anvan yo te fè deplasman an ki vle al viv anndan katye yo oubyen ta mande pou yal viv lòt kote oubyen retouen nan kay kote yo te ye a.
  - **Aksesib**, sa vle di ke byen ak sèvis yo : a) yo bay yo san diskriminasyon ak tout moun ki i bezwen l b) tout moun yo ka jwenn byen ak sèvis sa yo depi mwayen yo la (sa vle di lajan ak materyèl), menm gwoup moun ki frajil yo ak sa yo mete sou kote yo dwe gen aksè avè yo tou c) moun kap benefisye dwe konnen ke bagay sa yo egziste pou yo tou.
  - **Akseptab**, sa vle di ke byen ak sèvis pa depaman ak fason moun yo viv ak jan yo konprann lavi. Byen ak sèvis sa yo tou dwe bay nan respè pou laj moun yo ak sèks yo.
  - **Adapte**, sa vle di ke byen ak sèvis yo bay ti pa ti pa pou reponn ak bezwen k ap evolye yo pou moun k ap deplase yo
- ❖ Oubyen minimòm, yon nivo ki pa pi piti ke kondisyon egzistans vi nan moman y ap mete moun yo deyò a.

## ANÈKS 2 :

### Mezi pou pwoteksyon epi prensip ke yo dwe pran pou ka kote y ap mete moun yo deyò.

Pandan tout moman y ap fè moun yo bay tè a e pandan yap fè yo ale lòt kote ke yo prepare pou yo a, (lè yo prevwa sa-a), tout prensip Dwa entènasyonal ki sèvi garanti ak pwoteksyon moun yo dwe respekte, sa mande tou ke yo mete sou pye mezi pou pwoteje moun yo. Nan ka sa, lis sa pou yo tcheke a fèt an 4 pati : (i) anvan lè y ap fè moun yo kite espas lan/ relokalizasyon ; (ii) pandan y ap fè moun yo kite espas lan ; (iii) mwayen pou fè rekèt-relokalizasyon oubyen/ konpanse ; (iv) tout sa ki rapò oubyen ki lye ak kesyon an (aspè transvèsal)/ nan tout ka kote y ap fè moun yo bay tè a blanch.

#### I. ANVAN YO FÈ MOUN YO KITE ESPAS LAN/RELOKALIZASYON<sup>8</sup>

##### 1.1. Analize tout posibilite ke nou ka jwenn nan diskisyon ak patisipasyon

**Prensip entènasyonal ki sèvi modèl: otorite yo dwe konsidere tout altènativ yo avèk ansanm avèk moun ki afekte yo anvan nenpòt ki desizyon pou tanmen pwosesis la (avèk objektif pou yo evite oubyen limite ke yo itilize vyolans)**

**Definisyon operasyonèl:**

*Tout gwoup ak moun ki k*

*a afekte, fanm yo, timoun yo epi moun andikape yo ladann tou, moun k ap travay pou tè yo gen dwa tou pou yo jwenn bon enfòmasyon, yo bay avi yo ak patisipasyon yo total yo nan tout pwosesis la, epi gen dwa pou pwopoze solisyon ranplasman ke otorite yo dwe byen egzaminen. Nan ka li ta enposib pou moun ki konsène yo dakò ak lòt chwa, yon lòt gwoup endepandan ki gen yon otorite konstitisyonèl, tankou yon kou jistis, yon tribinal ou byen yon reprezantan, te dwe fè medyasyon an, sèvi abit oubyen pou desizyon an nan ka bezwen yo.*

*Anvan nenpòt ki desizyon pou kòmanse pwosesis mete moun yo deyò a, otorite yo dwe montre ke pwosesis lan inevitab epi konfòm ak angajman entènasyonal yo nan domèn dwa moun ki pwoteje enterè tout moun.*

##### 1.2. Bon enfòmasyon, avi ki adapte

**Standa entènasyonal: moun ki afekte yo gen dwa jwenn enfòmasyon nan yon delè ki rezonab ak dat yo dwe bay tè a yo pwopoze a, epi lè sa ka fèt sou objektif altènativ pou objektif ke teren/lojman an pral itilize a.**

**Definisyon operasyonèl:**

*Tout desizyon ki gen rapò ak fè moun yo kite espas la dwe anonse sou papyè, sa vle di ekri li, nan lang peyi a, pou tout moun ki konsène yo nan yon dat ki rezonab. Anons ke y ap mete yo deyò a dwe genyen yon jistifikasyon ki gen detay desizyon an, ki konsène tou absans solisyon ki pi bon pou ramplase l (apre yon pwosesis konsiltasyon ki gen detay ak tout mezi ki pran ak prevwa pou minimize tout kote negatif pwosesis*

<sup>8</sup>Nan ka kote y ap fè moun yo kite espas lan ki gen rapò ak pwojè devlopman, pwosesis planifikasyon yo dwe genyen eleman sa yo : anons ki apwopriye, pou tout moun ki ka afekte, ke pwosesis yo anvizaje, ap genyen odyans piblik sou plan ak solisyon ranplasman yo pwopoze yo; b) divizyon efikas otorite yo ki fèt anvan enfòmasyon enpòtan yo, san bliye rejis fonsye ak plan konplè pou relokalizasyon propoze yo ki ale ak mezi ki pwoteje gwoup frajil yo; c) delè ki rezonab pou analiz piblik plan ki propoze a ak prezantasyon obsèvasyon yo oubyen objeksyon yo ; d) posibilite ak mezi pou rann fasil konsèy jiridik yo, teknik oubyen lòt bagay pou moun ki afekte yo, sa ki konsène dwa ak opsyon yo; e) odyans piblik ki bay moun afekte yo ak defans yo posibilite pou yo konteste desizyon pwosesis lan oubyen pwopoze yon solisyon ranplasman epi fè egzijans yo ak priyorite yo nan ka devlopman.

lan). Yon anons pwosesis la ki byen fèt dwe otorize epi ede entèrese yo ak yon envantè pou evalye byen yo, investisman yo ak lòt byen ki ka domaje. Moun ke yo vize yo nan pwosesis lan dwe genyen tou posibilite pou yo evalye epi siyale tout sa yo pèdi ki pa lajan pou yo rekompans yo.

### 1.3. Apèl administratif ak jiridik ki efikas

**Standa entènasyonal: Tout dènye desizyon yo dwe analize nan sans administratif ak/oubyen jiridik. Fòk yo ede pati ki afekte yo gen aksè ak yo, lè yo vle konsèy gratis si li nesèsè.**

*Sou teren an, eleman pou yo verifye ki gen rapò ak pwèn 1.1, 1.2 et 1.3*

- Moun ki frajil yo (fanm ansent, timoun ak jenn moun, granmoun, moun andikape...) èske yo te idantifye yo?
- Èske yo te egzaminen tout altèrnatif pwosesis lan, si li pat egzaminen poukisa ? epi si yo te fè l ki sa altèrnatif sa yo ye ? Poukisa yo pa travay ak yo?
- Plan devlopman an (lè se nan ka y ap fè moun kite espas lan ki gen rapò ak yon pwojè devlopman) èske konsidere posibilite pou enstale ankò moun y ap bourade soti yo menm kote a nan fen pwojè a? (sa vle di enstale moun yo ankò pou yon tan)
- Èske yo te fè yon evalyasyon efè pwosesis yo? Si se wi, bay plis detay. (kilè, kiyès ki te fèl, kiyès yo te wè, eks....)
- Èske gen endikasyon, statistik epi lòt enfòmasyon pou evalye enpak diferans nan ka yo kote y ap fè moun yo bay tè a blanch, sou fanm, timoun, granmoun, moun andikape yo, moun malad yo oubyen k ap suiv tretman ak lòt gwoup ki gen bezwen spesifik?
- Kijan, kilè ak kiyès ki enfòmè kominote a sou pwojè mete moun yo deyò a? Nan ki pwèn li te fasil pou jwenn enfòmasyon sou pwojè a (si se yon ka ki gen rapò ak devlopman) epi ki degre transparans li genyen?
- Èske yo te wè kominote yo nan youn nan etap pwosesis yo? Kijan li konplete epi kijan transparans lan te ye? Kijan epi kilè? Ki otorite ki te fè l ? Tout kominote a, yon pati ladann oubyen sèlman reprezantan kominote yo ? (Verifye konbyen ak ki tip reyinyon ke yo te fè si li posib, konsilte minit yo ak lòt rapò ki montre KIYÈS ki te diskite KISA, KIJAN ak KILÈ.)
- Kijan kominote a/ yo te avèti moun ki afekte yo sou pwosesis lan? Sou ki fòm (ekri, nan bouch, radyo, eks...) konbyen tan anvan? Nan ki lang yo te bay enfòmasyon an pou yo te konprann?
- Èske anons pwosesis lan te gen jistifikasyon l? Enfòmasyon sou relokalizasyon? Enfòmasyon sou konpansasyon? Enfòmasyon sou apèl jiridik ak kòman yo gen aksè a li? Si enterè piblik wo nivo a, yo te kontakte l (oubyen tout enfòmasyon ki sanble l) sou otorite responsab yo, kòman yo te define l ? Èske li defini epi regle anndan yon lejislasyon ? Si li itilize poukont li oubyen defini nan yon ka spesyal, kominote afekte yo, èske yo te wè yo ?
- Ki chimen jiridik oubyen administratif ke yo ka pran kont desizyon sa yo? Èske yo te itilize yo? Èske yo efikas epi pèmèt ke yo gen yon apèl nan yon dat ki rezonab? Èske aksè li fasil? Yon gwoup endepandan ki gen yon otorite enstitisyonèl, tankou yon kou jistis, yon tribinal oubyen reprezantan, èske li vini nan yon sitiyasyon medyasyon, yon abitraj oubyen pou pèmèt gen yon desizyon lajistis ?
- Èske moun ak kominote afekte yo gen aksè bay yon asistans legal gratis si posib?
- Èske moun ki afekte yo gen ase tan pou yo gen aksè a chimen apèl yo anvan yo egzekite pwosesis lan?
- Pwosedi an, èske yo te sispann li lè ke yo te fè apèl a li?
- Yon envantè pou yo evalye byen yo, investisman ak lòt byen materyèl ki ka domaje oubyen detwi ka fèt? Èske yo mete bagay ki pèdi ki pa lajan ladann?
- Èske moun afekte yo te jwenn èd/ konpansasyon pou retire byen yo? Moun afekte yo oubyen moun ki reprezante yo a èske yo te enfòmè sou mezi sa yo ki egziste?

- Èske genyen solisyon ki te idantifye pou MDAP yo anvan pwosesis lan kòmanse? Ki mezi ki te pran pou evite ke sa ki afekte yo te vin san kay oubyen frajil nan vyolasyon lòt dwa moun akòz pwosesis lan? Moun afekte yo oubyen reprezantan yo èske yo te jwenn enfòmasyon sou egzistans mezi sa yo?
- Ki mezi relokalizasyon ki prevwa? Moun ki afekte yo oubyen reprezantan yo èske yo te jwenn enfòmasyon sou egzistans mezi sa yo?
- Èske yo te konsilte kominote/moun yo sou kòman zòn relokalizasyon an ye?
- Kondisyon lavi yo nan zòn relokalizasyon an èske yo menm jan ak sa yo te genyen anvan, epi respekte baz ki etabli pou dwa lojman an? Èske yo gen aksè ak sèvis debaz yo? Mwayen ke moun ki afekte yo genyen pou kontinye viv èske yo garanti? (Nan okenn ka kondisyon vi yo pa dwe vin pi mal)
- Èske sit relokalizasyon an te operasyonèl anvan pwosesis lan te fèt?
- Èske relokalizasyon an planifye yon jan pou evite segregasyon ak majinalizasyon kominote y ap mete deyò yo ?

## II. PANDAN PWOSESIS LAN

### 2.1. Standa entènasyonal: prevwa sityasyon kote ke dwa moun y o ka vyole

#### **Definisyon operasyonèl:**

*Pwosesis la pa dwe fèt yon jan pou atenn diyite oubyen dwa fondamantal lavi ak sekirite moun ki afekte yo. Otorite yo dwe pran mezi pou fanm ki viktim vyolans ak diskriminasyon sèks pandan pwosesis lan, dwa fondamantal timoun yo dwe pwoteje, moun andikape yo pa dwe sibi diskriminasyon ak dwa yo ki dwe garanti.*

*Lè yo itilize fòs legalman, li dwe respekte prensip nesosite, ak propòsyonalite, ak prensip ki baze sou apèl fòs ak itilizasyon zam responsab aplikasyon lwa yo fè ak tout kòd nasyonal oubyen lokal ki ale ak tout règ entènasyonal yo ki gen rapò ak garanti lòd ak dwa moun.*

*Otorite ak ajan yo dwe pran mezi pou evite ke pèsonn pa fè atak dirèk oubyen avèg oubyen lòt zak vyolans, sitou kont fanm yo, timoun ak moun frajil yo (moun andikape, granmoun...) oubyen yo pa gen aksè ak byen yo oubyen sa yo posede apre yon demolisyon, yon dife yo pwovoke, oubyen lòt fòm dega yon neglijan oubyen tout lòt fòm pinisyon kolektif. Byen ak posesyon ke yo abandone san ke yo pat vle, dwe proteje pou yo pa detwi yo nan okipasyon oubyen itilizasyon abitè oubyen ki pa legal.*

*Pou yo asire proteksyon jwisans pi bon eta sante fizik ak mantal ki ka frape yon moun, tout moun yo mete deyò yo ki blese, malad oubyen andikape te dwe benefisye de tout swen ak tretman medikal ki disponib epi rapid, san distenksyon ki ka fonde sou motif ki pa medikal. Si li nesèsè, moun y ap bourade soti yo dwe gen aksè pou sèvis sikolojik ak sosyal. Yo dwe ba yo yon atansyon espesyal tankou:*

- a)Bezwen tankou sante fanm, moun ki frajil yo (moun andikape, granmoun...) aksè pou yon pèsonèl medikal ki se fanm si sa nesèsè, ak sèvis tankou swen sante genezik ak konsèy ki adapte ak viktim ki sibi abi seksyèl yo oubyen lòt bagay.*
- b)Yon tretman medikal pa dwe kanpe akòz pwosesis lan oubyen relokalizasyon an ap fèt*
- c)Nan prevansyon maladi ki ka pwopaje yo epi ki ka enfekte lòt moun, ladann tou VIH/sida, nan zòn kote moun y ap mete deyò yo rete.*

*Otorite ak ajan yo pa dwe angaje oubyen fòse moun y ap bourade soti yo kraze pwòp kay yo oubyen lòt konstriksyon. Yo dwe ofri yo posibilite sa a, paske sa ap pèmèt yo jwenn fasilman sa yo posede yo ak materyèl konstriksyon yo.*

*Nenpòt sityasyon, san diskriminasyon, otorite ki gen konpetans yo dwe asire ke moun y ap bourade soti yo*



*yo oubyen gwoup y ap bourade soti yo, sitou sila yo ki pa ka okipe tèt yo, gen aksè:*

- d) Ak pwodwi alimantè ki pi ijan yo, dlo pwòp ak asenisman*
- e) Bon jan rad;*
- f) Sèvis medikal yo;*
- g) Mwayen pou kontinye viv;*
- h) Fouraj pou bèt yo, kay ke yo tap pataje anvan, ak*
- i) Edikasyon timoun yo ak strikti pou akeyi timoun yo*

**2.2. Standa entènasyonal: kondisyon fòm ki pèmèt ke yo garanti respè règ yo ki gen rapò ak dwa moun ki gen ladann prezans fonksyonè gouvènman an ki obligatwa oubyen reprezantan yo sou plas pandan pwosesis lan.**

**2.3. Standa entènasyonal: fonksyonè gouvènman yo, reprezantan yo ak moun k ap egzekite pwosesis lan yo dwe fè moun ke yo pral mete deyò yo konnen yo epi prezante yo, yon otorizasyon ofisyèl pou yo ka Egzekite pwosesis lan.**

**2.4. Standa entènasyonal:** pwosesis lan pa dwe fèt nan move tan, nan nwit pandan festival oubyen fèt legliz, anvan eleksyon ni pandan oubyen apre egzamen lekòl.

***Sou teren an, eleman pou yo verifye ki gen rapò ak pwèn 2.1 à 2.4 :***

- Kilè pwosesis lan te fèt ? (lè, dat, eskè li te fèt lè te gen move tan, jou konje ofisyèl eks...)
- Kiyès ki te egzekite pwosesis la ? (Gen ka lapolis anvayi zòn nan, men se moun k ap travay nan konpayi prive ak bulldozè yo ki kraze kay yo.
- Èske yo te prezante yon otorizasyon ofisyèl pou egzekite pwosesis lan?
- Èske te gen obsèvatè ak monitè ki pat nan okenn pati ki te la lè pwosesis lan ? (Sosyete sivil, òganizasyon entènasyonal yo)?
- Kòman yo te egzekite pwosesis lan?
- Èske otorite yo te itilize vyolans? (Ki materyèl ki te itilize ? Èske prensip propòsyonalite a te respekte)
- Èske lavi moun te menase lè pwosesis lan ? (Egzanp, bulldozè yo k ap kraze kay yo pandan ke gen moun anndan yo)
- Èske gen yon gwo rezistans kay moun y ap mete deyò yo?
- Èske genyen byen ki dewti pandan pwosesis lan? (Sa ka genyen dokiman idantifikasyon pèsònèl ak lòt dokiman ofisyèl, bèt, eks..)
- Moun yo t ap bourade soti yo èske yo te fòse yo dewti kote yo te rete a oubyen bagay pèsònèl yo?
- Èske gen mezi ki te pran pou pwoteje byen ak posesyon ke yo abandonnen san ke yo pat vle sa, dapiyanp oswa itilizasyon ki pa legal?
- Èske yo te pran mezi pou asire ke okenn moun pa viktim vyolans, sitou fanm yo ak timoun yo?
- Ki mezi ki te pran pou minimize tout rezilta twomatis yo lè pwosesis lan sou timoun yo, fanm, granmoun, moun andikape ak moun malad yo?
- Videyo, temwayaj, eks... ki gen rapò ak pwosesis lan eskè yo disponib?
- Pwosedi pwosesis yo, èske yo fini oswa èske y ap planifye pou mete lò moun deyò?
- Èske pwosesis lan oubyen relokalizasyon yo genyen frè pou mouny ap mete deyò yo?
- Èske medya yo te ka suiv evènman an san pati pri, fè ankèt epi fè rapò evènman an?
- Ki mezi pou bay manje, dlo, yon kote pou rete (pou evite moun yo bourade soti yo pa rete san kote pou yo rete akòz pwosesis lan), rad, sèvis medikal oubyen lòt sevis esansyèl?
- Moun ki afekte yo èske yo te mennen yo ak zafè pèsònèl yo nan nouvo zòn relokalizasyon an ?

- Otorite ki responsab yo èske yo fè yon suivi sityasyon moun yo fòse kite espas lan? (Sa ki te relokalize yo, ak sa ki pa relokalize yo, eks...)

### III. MWAYEN POU FÈ APÈL

#### 3.1. Standa entènasyonal: Apèl jiridik apwopriye dwe bay (ladann tou, aksè pou konsèy ak èd jiridik)

##### **Definisyon operasyonèl:**

*Tout moun ki viktim pwosesis kote y ap fòse yo kite espas kote y ap viv lan gen dwa fè apèl jiridik. Nan tout apèl yo genyen yon odyans san patipri, aksè pou yon konsèy, èd jiridik ( sitou moun ki solisite repatisyon nan tribinal la), retou, relokalizasyon, yon lòt adaptasyon ak endemnizasyon, ak sa yo dwe fè nòmalman, dapre prensip fondamantal ak règ ki konsène dwa pou fè apèl a repatisyon viktim vyolasyon dwa entènasyonal dwa moun ak vyolasyon grav dwa entènasyonal limanite.*

#### 3.2. Standa entènasyonal: asire yon bon relokalizasyon nan yon lojman altènatif ak/oubyen yon endemnizasyon pou tout byen, pèsònèl oubyen reyèl, ki te afekte.

##### **Definisyon operasyonèl:**

*Si yo pa ka pa egzekite pwosesis lan, ak nesesite pou enterè tout moun, gouvènman ak tout lòt pati yo dwe fè endemnizasyon pou yon lojman ranplasman ki kont, oubyen restitasyon lè sa posib, dwe bay pou tout prejidi ki ka fè objè evalyasyon ekonomik ki gen rapò ak nivo gravite vyolasyon an ak sikonstans chak sityasyon yo, yon egzanp : lanmò oubyen pèdi yon manm nan kò ; prejidi fizik oubyen mantal, pèdi posibilite nan ka travay, edikasyon ak prestasyon sosyal, prejidi materyèl ak pèdi revni, pèdi kapasite pou genyen yon revni, yon prejidi moral, kòb pou asistans jiridik oubyen pou sèvis spesyalize, pou medikaman oubyen sèvis medikal oubyen sèvis sikolojik oubyen sosyal. Endemnizasyon lajan pa dwe ranplase sou fòm endeminasyon tè oubyen resous fonsyepou tout moun.*

*Tout moun y ap mete deyò yo, ke yo genyen ou non yon tit pwopriyete, te dwe gen dwa endemnizasyon pou sa yo pèdi yo, rejwenn epi transpòte byen sa yo, kote yo te rete ak teren pèdi oubyen andomaje pandan operasyon an. Analiz sikonstans chak grenn ka ap pèmèt yo ofri yon endemnizasyon pou sa ki pèdi ki gen rapò ak fòm pwopriyete ki pa ofisyèl, tankou lojman ki nan kay ki sal yo.*

*Fanm ak gason dwe benefisye tout mezi endemnizasyon. Fanm selibatè yo ak fanm ki pèdi mari yo dwe genyen dwa a endemnizasyon pa yo.*

*Nan sityasyon ke prejidi ekonomik pa kouvri relokalizasyon yo, evalyasyon yo dwe konsidere sa ki pèdi yo epi tout kou ki gen rapò avè l, nan mezi kote prejidi ekonomik yo pa kouvri avèk èd reloklizasyon an, evalyasyon an dwe konte sa ki pèdi ak sa li koute ki gen rapò, ak eleman sa yo ak strikti lojman, sa li genyen, enfrasrikti, ipotèk ak lòt dèt ; lojman provizwa, frè administratif ak jiridik ; lojman ranplasman, pèdi salè ak revni, pèdi posibilite edikasyon ;swen sante ak tretman medikal ; frè relokalizasyon ak transpò (nan ka relokalizasyon ki lwen sous pou kontinye viv la). Nan ka sa kote lojman an ak tè a se yon sous sibzistans pou moun yo mete deyò yo, evalyasyon enpak ak pèt dwe konsidere valè pèt komès yo, ekipman stòk, betay, pye bwa ak rekòlt ak pèt oubyen diminisyon salè oubyen revni.*

*Moun menm fanmi ki grandi ansanm oubyen kominote pa dwe separe poutèt pwosesis lan.*

#### IV. ASPÈ TRANSVÈSAL NAN TOUT KONTEKS

**4.1. Estanda entèrnasyonal:** pran mezi apwopriye pou okenn fòm diskriminasyon pa fèt lè y ap fòse moun kite espas y ap vivladann lan, sa vle di pou fanm yo, timoun, jenn moun, granmoun, andikape yo, abitan yo, minorite etnik ak lòt moun epi gwoup frajil yo.

***Definisyon operasyonèl:***

*Fanm, timoun, jenn moun, granmoun andikape ak lòt moun ak gwoup frajil ki afekte yo yon jan pa pwopòsyonèl nan zafè pwosesis lan. Fanm nan tout gwoup yo frajil paske gen diferan fòm diskriminasyon kont yo, nan sa ki wè ak pwopriyete oubyen lojman oubyen dwa ki gen rapò ak aksè ak pwopriyete oubyen lojman, ak frajilite pou yo sibi zak vyolans ak abi seksyèl lè yo pa genyen kay ankò. Kèk granmoun ak moun andikape yo frajil anpil tou, fè fas ak aksè pwopriyete oubyen lwe kote pou kont yo : moun poukont yo, izole oubyen ki depann de yon lòt.*

## ANÈKS 3:

# **Kèk enfòmasyon sou la lwa ke moun nan peyi Dayiti kap viv nan kan ke lòt moun ap mete deyò dwe konnen**

**Objektif:** konprann epi metrize detay ki konsène sa la lwa di jan yo abitye fèt epi ki gen rapò ak pwosesis lan epi kouman pou nou reyaji san pèdi tan sou tout aksyon ke pwopryetè yo ta vle fè devan lajistis kont moun ki ap deplase yo.

## **I. Rapò dwa entènasyonal ak lwa anndan peyi a**

Sistèm jiridik ayisyen an fèt sou yon baz monis, sa vle di tout trete, konvansyon oubyen akò ke Leta ayisyen ratifye yo antre dirèkteman nan lwa peyi Dayiti e yo fè yon sèl kò avèk li (atik 276-2 konstitisyon 1987 la), genyen tou: Pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik (PEDSP) epi konvansyon sou dwa timoun (KDT). Anplis, konstitisyon ayisyen an nan atik 19, fè referans ak deklarasyon inivèsèl dwa moun ( DIDM). Lwa ak kòd nasyonal yo bay detay sou kad legal pou fòse moun kite espas y ap viv ladann lan nan ale pi lwen nan lwa entènasyonal yo. Fich ki montre l la eksplike pwosedi legal pou yo suiv la nan ka pwosesis la, tankou lwa ayisyen an di l la.

Nòt.-pwosedi ke w pral wè yo, gen rapò ak teren patikilye- sa vle di teren prive, yo paka evoke li lè se yon teren ki se pou prive oubyen domèn piblik leta ak/oubyen kolektivite teritoryal. Medyasyon an ak negosyasyon yo se bon zouti nan ka sila yo.

## **II. Dwa MDAP yo nan ka moun y ap fòse bay tè a blanch dapre lwa ayisyen**

Dapre kad legal ayisyen an, tout pwosesis fòse moun kite espas kote y ap viv lan ki pa suiv prensip lalwa bay yo ilegal. Sa vle di ke prensip ke w pral wè yo pwoteje MDap yo.

- Pwopryetè teren ki konsène a (oubyen mandatè a) blije ale lajistis, devan yon tribinal lapè oubyen tribinal sivil. Pwosesis lan nan ka piblik ak prive pa ka fèt san yon desizyon lajistis ki ap atenn otorite konsène a nan souverènte li epi l ap jijje. Sa vle di yo se desizyon ki pran lè pa gen lòt ke okenn lòt tribinal sipèryè pa ka revoke.
- Chak MDAP gen dwa jwenn anons tout aksyon ke yo pran kont yo.
- Pou yo eseye mennen yon aksyon legal kont yon MDAP, plent lan dwe site nom moun ki konsène a nan papye ke lajistis oubyen lòt moun voye a.
- Tout pwosesis pou fòse yon MDAP kite yon kan paka fèt san prezans yon jij depè ki dwe bay dwa pou rantre nan zòn lan ak yon yuisye nan kad egzekisyon desizyon tribinal premye enstans sa. Li dwe genyen desizyon egzekisyon pakè a avè l.
- Chak MDAP gen dwa fè apèl pou tout jijman ki fèt nan jiridiksyon siperyè a, jis nan kou kasasyon an.
- Chak MDAP gen dwa mande refere pou jijman jiskaske Jij nan Refere a di si la lwa te respekte pandan tout pwosesis la.

Yon jijman ki fèt kont MDAP la pa ka fèt anvan delè la lwa prevwa pou moun ka fè apèl la (30 jou ouvrab) sof si se yon jijman (sou minit) ke MDAP yo ka mande yon refere.

Yo pa gen dwa egzekite yon jijman ki fèt kont MDAP yo pa ka fèt anvan 6:00 nan maten, jou konje ofisyèl sof si jij la bay pèmasyon pou fè sa.


Okenn zak kriminel- tankou kraze kay - pa dwe fèt pou yo fòse moun kite espas kote y ap viv lan.

### III. Òganizasyon jidisyèl ayisyen an ak pwosedi lwa pou pwosesis la

Pwopriyete a dwe adopte pwosedi a (oubyen mandate li) pou li rejwenn teren li ki byen detaye jan lalwa ayisyen an rekomande l la. Sa fèt avèk anpil aktè epi fèt nan dis etap ke yo dekri yo nan seksyon ke w pral wè a. Anvan nou ale nan detay pwosedi legal yo, òganizasyon jidisyèl bay explikasyon sa:

#### 3.1. Òganizasyon Jidisyèl ayisyen an

Pouvwa jidisyèl Ayiti a se kou kasasyon an ki genyen l, kou apèl yo, tribinal premye enstans. Tribinal espesyal ki trete kesyon spesifik epi tribinal depè (Atik 1 dekrè 22 dawout 1995)



Chak tribinal depè genyen yon jij, youn oubyen plizyè sipleyan jij grefye (Atik 82 dekrè 22 dawout 1995).

Wòl espesifik jij depè a nan ka menas moun y ap fòse kite espas kote y ap viv yo: plase nan baz strikti òganizasyon jidisyèl a, jij depè a se jij ki pi pwòch popilasyon an. Li responsab desizyon jidisyèl yo ki gen rapò ak moun k ap viv nan kan yo y ap bourade soti yo. Men konpetans li detèminen ak limit nan lwa yo. Sa fè ke tribinal depè a vin yon «jiridiksyon ki gen limit li». Nan okenn ka jij depè a ka tranche yon litij ki sou dwa pwopriyete imobilye (atik 90 dekrè 22 dawout 1995) sou òganizasyon jidisyèl. Jij depè a se jij konsilyasyon. Li gen pouvwa pou l fè tout bagay ki pa kont lalwa pou fè pati yo jwenn yon solisyon, sa vle di antann yo.

#### 3.2. Pwosedi pou pwosesis la jan lwa yo mande l la

##### 1. Lèt envitasyon jij depè a, plent moun ki pretann li pwopriyete a ak konsta nan zòn lan

- Pwopriyete teren an ka mande yon jij depè pou mande prezidan kan an ou nenpòt lòt manm komite kan an konparèt- nan kad wòl li.

- Pratikman, pwopriyete yo gen de ka yo itilize tribinal depè a pou envite komite kan an prezante l devan jij depè a.
- Yon envitasyon konsa ki adrese a prezidan kan an ka fèt nenpòt ki moman (anvan oubyen apre konsta zòn nan—cf. ki apre yo) sa depann fason ke swadizan pwopriyete a te chwazi fè l.

**NÒT:**

Prezidan komite a pa ka inyore envitasyon an. Men li dwe patisipe poukò l tankou yon moun ki pat gen manda pou aji pou MDAP yo (teyori prezantasyon an dwa).

- Pwopriyete a fè apèl a yon jij pou fè yon konsta zòn lan.
- Jij lan vini nan zòn lan, ak yon grefye ak youn oubyen 2 polisye epi pwopriyete a oubyen avoka li yo pou konstate.
- Jij la ap idantifye l epi ap eksplike rezon prezans li nan zòn lan.
- Jij la ap redije yon pwosèvèbal (atik35 kòd pwoteksyon sivil)

**NÒT:**

Nan stad sa a, jij depè a vini sèlman pou pran enfòmasyon, sa vle di verifye ke genyen vreman moun nan zòn lan ke l ap mande idantite yo.

→nan sityasyon sa, kowoperasyon MDAP yo ak reprezantan yo jwenn konsèy.

**2. Siyifikasyon okipan yo nan pwosèvèbal la ak konsta a**

- Pwopriyete a voye yon kopi pwosèvèbal konsta a bay chak moun kin an lan , yuisye a mande chak moun ki nan zòn lan pou yo kite zòn nan nan yon delè twa jou ke moun ki save nan la la yo rele “jou fran” ( ki egal ak 5 jou).

**3. Siyifikasyon asiyasyon chak moun ki nan zòn nan**

- Pwopriyete a mande chak okipan yo pou yo konparèt devan tribinal premye enstans lan. (Asiyasyon sa se yon ak prese ki di pwopriyete a bay moun yo a pati yuisye a pou yo konparèt devan yon tribinal premye enstans ki vle di konklizyon pou pwopriyete a.

- Envitasyon jiridik la ap genyen :

1) *Dat la, pwofesyon ak kote pwopriyete a rete ; group defans lan si li genyen.*

2) *Non yo, kote yo rete ak imatrikil yuisye a, non ak kote moun ki nan gwoup defans lan rete epi yo dwe mete non moun ki ap gen yon kopi pèfomans yo ap ye.*

3) *Rezon yo fè demann lan, yon ekspoze tou kout sou rezon kif è yo mande al devan lajistis ak dwa yo genyen pou fè sa.*

4) *Endikasyon tribinal la ki dwetande pwoblèm nan, dènye dat pou yo prezante yo, avèk lè asanble a.*

Tout sa, ka nil.<sup>9</sup>

Dènye dat pou prezante se (8) jou ouvrab (10) jou nòmval.<sup>10</sup>

<sup>9</sup> Atik 64 CPC

<sup>10</sup> Atik 73 CPC

#### 4. Siyifikasyon somasyon odyans lan

- Yuit jou pou siyifikasyon envitasyon an, si pa genyen yon gwoup avoka ki fòm nan pati defans lan, pwopriyete a ap fè siyifye yon somasyon odyans, se yon ak ki envite okipman teren yo pou yo prezante yo nan tribinal la nan yon delè (3) jou.

#### 5. Defans nan tribinal premye enstans lan

- Apre siyifikasyon envitasyon somasyon odyans lan, pwopriyete a ap fè angaje ak envitasyon an nan grèf tribinal sivil la<sup>11</sup> kote kòz la ap plede pou pataj, sa vle di dwayen tribinal la ap chwazi jij ki ap trete dosye a. sa pran 2 oswa 3 jou.
- lè odyans lan, lè yuisye a fin evoke rezon an epi pati ki ap aji an tande li, li plede.
- Si defans lan pa prezante, jij lan mande pwopriyete a bay lòd pou mete moun ki nan espas la deyò.

#### 6. Fen epi siyifikasyon desizyon tribinal premye enstans lan

- Ant defans lan, depoze pyès, fè jijman epi pran desizyon an, nan 2 jou yon mwa ka pase nan kondisyon nòminal lajistis, sa vle di si jij yo regilye, si sitiyasyon sosyo-politik lan nòminal epi dapre jan jij ki te tande ka a fonksyonnen.
- Li evidan ke desizyon an ka pwononse nan yon seyans oubyen nan yuit jou (atik 261 CPC, Atik 76 dekre 22 dawout 1995). Si se yon jijman defo, jij la ka pran desizyon li nan lòt odyans lank ki fikse nan yuit jou (atik 288 CPC)
- Pratikman, sa ka rive gen yon mwa pase anvan jij lan pwononse l sou ka a.
- Desizyon an depi yo pran l, yon yuisye dwe eksplike l ak okipman teren yo, si se yon jijman defo (atik. 294 CPC).

#### 7. Piblikasyon jijman an nan yon jounal ki soti anpil kantite epi ki soti chak jou

- Nan ka jijman defo, lalwa oblije mèt teren yo pibliye l nan yon jounal ki pibliye anpil epi ki soti chak jou si okenn moun pa siyen l (atik 296 CPC, dezyèm alineya)<sup>12</sup>.

#### 8. Pran sètifika grèf la

- Depi yo eksplike jijman an bay advèsè a epi pibliye li, si pa gen apèl, sa vle di pa dakò avè l oubyen pa gen apèl, pati ki ap aji a al nan grèf tribinal la ki ap bay desizyon pou pran yon sètifika grèf ki gen wòl pou li fè konnen si y pa dakò ak desizyon ki pran an.
- Pati k ap mande a dwe tann, yon delè trant jou ouvrab (delè opozisyon) epi trant jou ouvrab (delè apèl).

#### 9. Dépoze pyès yo nan pakè pou yo analyze yo

- Jijman an<sup>13</sup>, reyisit siyifikasyon li, sètifika grèf la, tit ki sètifye mèt teren an, pati nan jounal la ak tout lòt pyès ki nan dosye a dwe depoze nan pakè a nan tribinal premye enstans nan zòn kote jijman an ap fèt la pou resevwa desizyon egzekisyon an (atik 23 dekre 22 dawout 1995).
- Desizyon egzekisyon a se yon dokiman pakè a bay, apre yo verifye lalwa respekte pandan tout peosesis la, ladann li mande lapolis pou li pèmèt jijman an fèt pi byen.

<sup>11</sup>La lwa bay lòd somasyon nan moman anwolman asiyasyon an. Si se pa sa, grefye a pa dwe aksepte enskri l nan wòl ke li dwe fèt la. Atik 84 CPC, alineya, arete No 1 27 novanm 1939, CPC Pierre Marie Michel, p.32 op cit.

<sup>12</sup>Mezi sa te prevwa sèlman pou pwoteje moun ki pat konnen lè pwosedi a te demare kont li epi li ba l posibilite defann tèt li. Sa ede jistifyab la kont vis nan ka lòt pati a ta vle fè tout bagay san li pa konnen.

<sup>13</sup>Fòk nou di ke jijman an avèk siyifikasyon an ki fèt la dwe gen yon so DGI ki di ke li anrejistre anvan ke yo depoze l nan pakè.

#### **10. Fè jijman an**

- Fòmalitye anvan lè yo fin fèt ak jijman korèkteman dapre lalwa, pati ki benefisye jijman an al nan zòn lan, avèk yon jij depè, yon yuisye ak kèk ajan lapolis nasyonal la, si posib ak kèk moun pou fè bilan sa ki genyen sou teren an, pou yo ka egzekite pwosesis la.

#### **NÒT :**

Lè jij depè a retounen sou teren an fwa sa pou bay otorizasyon pou rantre nan zòn nan, kounya se apre yon desizyon lajistis zak yo ap poze. Yuisye a enfòm moun ki okipe teren yo ke jij la pou l bay yuisye ak polisye a otorizasyon antre nan zòn nan.

→nan stad sa, yon sèl apèl se « mande yon refere », paske gen ijans nan zòn nan. Yo pa ka mande « refere » a 2 fwa.

Pwosedi ke yo dekri la a pa konsidere ka lè gen kontradiksyon, sa vle di si moun ki okipe teren yo te gen reprezantan pandan tout lè planifikasyon pwosesis lan. Sa ki fè ke pwosesis la ka dire yon lane, pi piti venn senk an pou pi plis, sa depan de kapasite avoka defans lan.

### **IV. Reyalitye yo obsève nan egzekisyon pwosesis lan**

Ka kote y ap fòse moun kite espas kote y ap viv lan, ki fèt Pòtoprens depi seyis lan, montre ke yo pa respekte pwosedi legal ke yo bay yo. Pito pou yo ta suiv sa lalwa di, yo obsève ke yo itilize anpil fòm menas, anpil fwa vyolans ak itilizasyon fòs fizik ke moun ki pretann yo wopriyete yo ap fè oubyen reprezantan yo. Tout fòm menas ak vyolans fòs fizik ke yo fè yo ilegal. Jan li dekri pi wo an, Sèlman ajan lapolis Nasyonal la, avèk jij depè a epi yon yuisye, gen dwa itilize fòs- nan ka ta gen rezistans pou egzekite yon jijman yon tribinal premyè enstans ta fè. Dispozisyon penal yo ki gen lyen ak menas pètinan yo montre ilegalite pratik ke yo fè souvan nan ka kote y ap bourade moun yo soti nan espas kote y ap viv la, ki obsève an Ayiti.

#### **4.1. Menas pwopriyete yo fè san/ak vyolans**

Menas vle di tout bagay ki entimide, ke pou yon moun fè yon lòt moun gen la perèz ak yon mal ke li vle planifye fè kont moun sa, fanmi li oubyen byen li ke li anonse l ( ekri oubyen nan bouch, piblik oubyen prive) ke yo ap fè sa. Menas la gen karaktè sa yo

1. entimide: moun lan ap chache entimide yon lòt nenpòt ki jan
2. objektif yon entimidasyon se fè moun lan pè, krenn reprezay, joure, vyolans fizik ak la perèz
3. yo ka fè l kont moun nan dirèkteman, fanmi li oubyen byen moun lan.

Menas la ka fèt nan bouch oubyen yo ekri l, li ka fèt nan piblik oubyen nan prive. Li konn pafwa vle sanble ak presyon epi vyolans konn fèt apre sa. Kòd penal ayisyen an prevwa epi pini tout fòm menas epi preskri tout dispozisyon penal sa yo :

**Atik. 250.** –nenpòt ki moun ki menase, nan ekri san ekri non oubyen siyen, asasinan, anpwazonan, oubyen tout lòt atanta kont moun, ka pini ak yon pèn travay fòse pou lavi, ap pini ak pèn travay fòse nan tan lè menas la fèt ak lòd pou depoze yon kantite kòb yon kote yo bay, oubyen ranpli tout lòt kondisyon

**Atik. 251.** - Si menas sa pa fèt avèk okenn lòt kondisyon, pèn nan ap anprizonman omwen pou yon lane, pi plis twa lane.



**Atik. 252.** – Si menas la fèt avek lòd oubyen sou kondisyon, te fèt nan bouche, koupab la ap pini nan prizon pou twa mwa jiska yon lane.

#### **4.2. Menas avèk zak vyolans ke moun ki pretann li se pwopriyete a fè**

Vyolans nan zafè penal vle di tout zak agresyon ki afekte kò moun lan oubyen moral li.

Vyolans lan pa legal, se yon kontrent li ye, se yon zak ki fèt ak fòs epi ki gen karaktè brital lè y ap fè l oubyen pou mete presyon, kòm rezilta li bay ; la perèz (vyolans moral). Li gen karaktè sa yo:

1. itilizasyon ilegal fòs sivil ki gen zam ki ka koupe oubyen zam pou tire oubyen lapolis ki gen inifòm k ap travay tankou patikilye.
2. Britalite toujou mache avèk pwosedi ke yo itilize yo.
3. Britalite sa ka moral (presyon, menas) oubyen fizik (touche entegrite kò moun lan).

Lwa penal Ayisyen an pini zak vyolans ki fèt sou moun. Sa ki nan atik ke nou pral wè yo ap pèmèt nou gen plis lide :

**Atik. 254.** – Tout moun ki ak volonte l ta fè blese oubyen bay kou oubyen fè yon vyolans grav, si rezilta vyolans sa yo genyen maladi oubyen moun lan pa ka fè anyen pandan plis pase ven jou, moun ki fè l la ap pini nan prizon pou yon lane jiska twa lane

Si vyolans ke yo sot pale de yo okazyonnen blesi, oubyen koupe yon manm nan kò moun lan, oubyen paka itilize yon manm ankò, paka wè oubyen byen wè, oubyen lòt andikap, koupab la pral nan prizon. Si kou ki bay yo pat fèt ak entansyon touye moun nan, men fè moun nan mouri, koupab la ap pini ak travay fosè

**Atik. 255.** –Le gen reflechi anvan zak lan oubyen gètap, si gen lanmò, pèn lan ap genyen travay pou lavi, si vyolans yo fè gen blesi, koupe yon manm, oubyen paka itilize yon manm, moun lan vin avèg, pèdi yon zye oubyen andikape, pèn nan ap travay fòse, nan ka prevwa ki nan premye paragaf nan atik 254, pèn lan ap al nan prizon.

## **V. konsèy pou fè apèl**

Nan ka menas oubyen zak vyolans, moun ki pretann li se pwopriyete fonsye a fè oubyen reprezantan li fè, vle fè ekspilasyon MDAP yo sou teren ke yo okipe a san yo pa suiv etap lalwa bay yo a, yo konseye pran mezi sa yo:

### **5.1. Defans legal**

Tout lè pwosesis la, depi premye menas ke y ap mete MDAP yo deyò, - chak moun oubyen yon komite kan ki reprezante yo- dwe eseye fè yon avoka pale nan non yo pou defans yo. Avoka ki reprezante MDAP yo dwe rantre an kontak avèk mèt teren an oubyen moun ki reprezante l la epi eksplike l ke li dwe suiv pwosedi ke lalwa bay la anvan li egzekite pwosesis lan ki pa yon zak kriminel. Si mèt teren an suiv pwosedi legal yo apre sa, avoka MDAP yo ap defann yo pandan tout pwosesis la. Si pa gen lojman altènatif pou yon ti tan oubyen pou lontan pou MDAP yo, objektif prensipal defans lan se jwenn yon jijman ki nan enterè MDAP yo, si sa pa posib, pou yo pwolonje oubyen eseye ralanti vwa legal la pou yo ka gen tan pou MDAP yo.

Lè se avoka k ap defann, sa rannn fasil asistans legal Òganizasyon Non Gouvènmantal ka p travay nan kan yo oubyen kominote entènasyonal la nan Gwoup Travay Lojman-Fonsye-Pwopriyete.<sup>14</sup>

## **5.2. Mande èd gouvènman an ak fòs pou sekirite**

Premye moun lan se tap Komisè Gouvènman an ki se chèf nan zafè suiv zak penal

Si zak menas yo oubyen vyolans yo se moun ki pa nan Polis Nasyonal la ki fè yo, yo dwe kontakte komisarya lapolis ki pi pre kote zak la fèt la. Se sa ki fè li toujou enpòtan pou genyen nimewo telefòn ijans Polis Nasyonal ayisyen an ak nimewo pòs polis ki pi pre a.

Si zak vyolans yo se polis ki gen inifòm ki fè yo, fòk nou pran nimewo matriki yo li epi bay komisè gouvènman an li ki ap pran yon seri mezi kont sa.

Fòk yo rele pou di sa tou nan UNPOL. Nimewo ijans UNPOL se : 113 oswa 114

## **5.3. Fè atansyon ak konvansyon entènasyonal ki konsène lojman**

### Rapòtè spesyal sou bon jan lojman

Pou yo suiv mekanis ki gen rapò ak bon jan lojman, yo konseye pou yo bay enfòmasyon epi pou chak moun pote yon plent bay Rapòtè spesyal sou lojman epi sou dwa non diskriminasyon pou sa ». Rapòtè a kounya se Madan Raquel Rolnik, ki ap resevwa enfòmasyon sou vyolans dwa sou bon jan lojman avèk ka moun ki nan kan anba tatn y ap bourade soti yo.

Rapòtè a te fenk vizite Ayiti epi konprann pwoblèm kap pase kounye a. Nan limit resous ke yo ba l yo, li ka ekri Gouvènman an oubyen nan Meri vil kote li ye a, li ka fè l avèk lèt moun ki gen pwosedi spesyal yo pou l mande fè limyè epi kòmante alegasyon yo. Kominikasyon sa yo gen rapèl obligasyon entènasyonal yo pran ak Gouvènman an epi mande enfòmasyon sou mezi pou pran pou rezoud pwoblèm sa. Rapòtè spesyal la mande tout pati yo reponn kominike a san tann epi pran tout mezi pou rezoud pwoblèm vyolasyon pou gen bon jan lojman.

Fòm kominikasyon rapòtè spesyal la genyen nan ka menas moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan se apèl ijans. Apèl sa itilize nan ka vyolasyon ki fèt epi ki ka koze lanmò, mete an danje lavi moun oubyen fè prejidi oubyen pral fè l sou yon moun, ki pa ka trete nan tan yo vle ak pwosedi lèt alegasyon an.

---

<sup>14</sup> Gwoup travay lojman-fonsye-pwopriyete, k ap travay nan gwoup « Gwoup Sektoryèl Pwoteksyon », ap monte yon mekanis pou aistans legal. Pou plis detay ale sou : [HLP@onuhabitat.org](mailto:HLP@onuhabitat.org)

Yo dwe bay apèl ijans lan nan adres sa :

Adrès-Elektronik: [urgent-action@ohchr.org](mailto:urgent-action@ohchr.org)

Fax: +41 22 917 90 06

Lapòs :

OHCHR-UNOG

8-14 Avenue de la Paix

1211 Geneva 10

Suisse

### ONG Entènasyonal

Anpil ONG nasyonal ak entènasyonal k ap travay nan kan yo pou pote èd yo nan sa ki genyen rapò ak sèvis debaz yo, ka jwe sou rezo ak konesans yo nan Gouvènman an pou yon apwòch legal ki favorab ak eta dedwa.

Anpil ONG entènasyonal ka fè petisyon toupatou sou planèt la pou mete presyon sou enstitisyon nasyonal ak entènasyonal yo ki responsab pwoteksyon MDAP yo ke yo menase mete deyò.

## ANÈKS 4 :

### Moun ki nan kan anba tant y ap bourade soti yo–Fòmilè rapò ensidan

Yo konseye itilize fomilè sa a nan moman ke yo konnen ke gen menas pou fòse moun kite espas kote y ap viv lan. Objektif li, se bay enfòmasyon enpòtan sou pwosesis lan. Ka yo genyen tou kategori pwosesis lan nan zòn kan yo, :(i) moun yo mete seyò yo, (ii) medyasyon, (iii) yon pati moun yo mete deyò, (iv) rezoud pou yon tan ki kout, (v) rezoud epi (vi) idantifye.

Enfòmasyon ki bay nan fomilè sa se OIM ki bay yo, ajans kowòdonatris sektoryèl group CCCM. Yo itilize yo pou devlope konsèy strateji/politik epi pou defans. OIM/CCCM ap mete tou enfòmasyon sa yo pou OCHA ak Gwoup Sektoryèl Pwoteksyon ka jwenn yo pou yo ka fè suivi yo.

Mèsi pou ekri nan kazye yo avèk detay epi voye fòmilè a ranpli nan Adrès Elektronik CCCM sa : **cccmhaiti@iom.int**

Dat rapò :		
Ki kote :		
Moun k ap ranpli fòmilè a :		
CMO :		
Kote enfòmasyon yo soti :		
Ki ensidan	jan	Menas pou yo fòse moun kite espas kote y ap viv lan (di dat la)
		Pwosesis lan fèt (bay dat ak lè a)
		Yo evite pwosesis lan oubyen yo voye l yon lòt lè
		Konpansasyon MDAP yo (si se wi, se kisa epi konbyen ?)
		Lòt (bay detay)
Kijan moun k ap fè egzekite pwosesis lan jistifye pwosedi a :		
Kalkil kantite moun y ap mete deyò yo oubyen menase pou yo mete deyò :		
Kalkil kantite fanm ki se mèt fanmi yo ke y ap mete deyò oubyen ke yo ka mete deyò :		
Kalkil kantite moun ki frajil epi ki depann de yon lòt moun		Moun andikape
		granmoun
		Fanm ansent
		Timoun
Pwosedi, dwa, standa ak règ respè/garanti pwosedi?		Wi
		Non
Enfòmasyon sou moun ki di li se pwopriyete a	Non ak Siyati	
	Adrès ak telefòn	
Sikonstans pwosesis lan		
Eske pwopriyete teren an te prezante yon lòd ke otorite jiridik yo ba li ?		wi

		Non
Si se wi, ki otorite?		
Si se non, èske yo te fè yon pwosedi jiridik kont MDAP yo?		
Èske yo bay avètisman pou yo libere teren an?		Wi Non
Si se wi	Depi kilè ?	
	Kiyès ki fè l ?	
Èske MDAP yo te konnen yo ta pral menase yo pou yo mete yo deyò?		Wi Non
Èske yo te itilize fòs oubyen te pral itilize li ?		Wi Non
Si se wi, èske se te		PNA ? Sivil ki gen zam ?
Lòt pwoblèm pwoteksyon ke yo itilize :		
Kiyès ki bay lòd egzekite pwosesis lan?	Gouvènman an	
	Mèt teren an	
	Nasyon Zini oubyen yon ONG	
	Lòt gwoup	
Èske moun y ap mete deyò yo te gentan pran zafè yo ?		
Èske yo te jwenn soutyen yon òganizasyon ?	Bay moun yo transpò moun yo	
	Pote zafè yo	
	Distribye NFI	
	Lòt bagay	
	Anyen	
Èske gen solisyon tankou moun yo retounen lakay yo oubyen yon relokizasyon altènatif?	Wi	
	Non	
Si se wi eksplike:		
Èske solisyon retounen an/relokizasyon an egziste deja?		
Si se wi nan ki degre, ki kote ak poukisa?		
Èske genyen pwoblèm retounen oubyen relokize nan yon fanmi akèy ?		
Non, adrès ak nimewo telefòn ajans k ap kowòdone aktivite sa yo.		

## ANÈKS 5 :

### Negosyasyon: bon pratik pou byen negosye

**Objektif:** konprann pwosesis negosyasyon an, bon pratik epi risk ki ka rive.

**Moun k ap patisipe nan negosyasyon an ki gen rapò ak ka moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan :** komite kan yo/reprezantan kominote yo, chèf tradisyonèl (asire reprezantasyon ak patisipasyon gwoup frajil yo ak sa ki majinalize yo); mèt teren yo ( si mèt teren an se yon moun li voye fòk li jwenn enfòmasyon sou jan pwosesis lan fèt, fòk li otorize moun lan patisipe nan non l); moun k ap jere kan an ( OIM ak ONGI) ; moun ki la pou Gouvènman ( lokal/nasyonal)

**Sa ki gen nan yon negosyasyon: yon pwosesis negosyasyon gen plizyè etap ladann**

1. Planifikasyon
2. Etap preliminè
3. Etap ouvèti
4. Etap eksploratwa
5. Denyè kloti

Negosyasyon se yon bagay ki konplèks epi ki pran tan ; rezilta yo ka genyen repons ke tou de pati yo ap tann lan epi yon relasyon ka kreye nan mitan pati yo. Poutèt sa, de pati yo dwe genyen kapasite epi volonte pou yo modifiye posisyon yo te pran anvan yo te chita.

#### ENPÒTAN:

Lè yo ap fè negosyasyon konsenan ka moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan, kontèks la, pwoblematik pwoteksyon yo, riks ak enplikasyon sa ka genyen nan yon tan tou kout oubyen alalong ; yo dwe suiv yo toutan ak prezizyon nan tout nivo ; taktik negosyasyon yo dwe fèt ak swen pou yo ka evite lòt rezilta NEGATIF.

#### Kilè pou antre nan yon negosyasyon?

Fòk ou mande tèt ou ki avantaj ki genyen ant jwenn yon solisyon ak risk ki genyen le w pa fè anyen/ ak sa yon negosyasyon ka koute. Gen sitiyasyon kote sèl sa pou fè se negosye (gade chema pwosedi operasyon standa yo) Pa antre nan yon negosyasyon si menm benefis yo te ka jwenn nan yon negosyasyon ak yon twazyèm gwoup k ap koute mwens risk.

**Ekilib pouvwa:** pouvwa chak pati yo afekte taktik ak strateji negosyasyon yo. Yon bon negosyasyon gen ladan l bon konprann ak itilizasyon pouvwa. Ou ka fè fas ak de jan pouvwa :

- Pouvwa « lajan » (kapasite pou bay resous/opsyon ki reponn ak bezwen lòt gwoup la) ;
- Pouvwa pèsonèl (konnen pwosesis negosyasyon an/nivo enfòmasyon ki genyen/kijan li fèt/enfliyans/repitasyon/sa lòt gwoup yo ap tann de kapasite pa w/konfyans).

Yon moun ki kompetan nan zafè negosyasyon ki pa gen pouvwa lajan (resous/yon bagay pou chanje pou yon lòt bagay) ka fè balans lans la chavire en favè l anfas yon moun k ap negosye epi ki pa gen eksperyans, menm si moun sa gen yon gwo nivo pouvwa resous/opsyon (pouvwa lajan). Pou rann negosyasyon an pi fèm, nou dwe:

- Bay yon chwa nan resous yo/opsyon ki ka satisfè pi plis bezwen pati opoze a ;
- Idantifye bezwen ke moun yo pa montre yo epi bay resous ki pou konble yo;

- Bay resous/opsyon pèsonel ou yo vale (ensiste sou kote ki bèl ak valè ki genyen anplis nan resous ou yo, epi montre kòman yo ka satisfè bezwen pati opoze a).
- Jwenn resous ke w ka chanje kont yon lòt bagay;
- Diminye nivo depandans ou (si ou gen lòt opsyon pou jwenn yon solisyon pou sitiyasyon moun deplase yo sa ap diminye nan pouvwa pa yo)

## 1. Etap planifikasyon

**Byen planifye negosyasyon ap pèmèt ou** amelyore pèfomans ou lè negosyasyon an epi ogmante chans pou w reyisi li. Pou planifye yon negosyasyon efikas yo konseye mezi sa yo:

- A. Konsidere yon lis chwa rezilta/opsyon (sitou sa mèten teren an ka pale de li a).
- B. Defini objektif yo; limit maksimòm ke ou ka fè (pi « wo » ak pi « ba »). Pa konsidere sèlman yon opsyon, sa pa tap fonksyonnen nan yon pwosesis negosyasyon.
- C. Konsantre w sou sijè pou antann nou epi sou pwèn nou genyen ansanm yo, pa sèlman sou eleman ki fè kont yo.
- D. Fè atansyon nan analiz kontèks la, risk yo, pwoblematik pwoteksyon yo, eksplikasyon pou lontan yo ak solisyon ki dire pou moun deplase yo.
- E. Idantifye pwoblematik ki pi enpòtan yo epi planifye sa w pral di pou defann ou an pou chak pwèn pito pou avanse pazapa (egzanp « depi ou fè etap A , ou ap pase nan B sa k ap mennenw nan C.... si lòt pati a kòmanse ak C?)
- F. Enfòmè w plis posib sou lòt pati a pou gentan konnen ki strateji ak taktik li ( egzanp : bezwen li, sa l ap tann, sa li te konn fè anvan, denyè dat ak obligasyon)
- G. Separe sa ki fèt ak ipotèz yo ( sipozisyon yo ap analize lè negosyasyon an : evite pran sa w panse pou sa ki vre)
- H. Anvan yon negosyasyon, gade ki pi bon mwayen pou negosyasyon an bay rezilta nap tann lan (èske ou gen “lòt” opsyon, ki pa nan pwosesis negosyasyon an)?

## 2. Etap preliminè

Objektif la se fè yon jan pou gen yon anbyans pozitif pou lòt etap negosyasyon yo dewoule byen, pou negosyasyon an yo chwazi li tankou yon metòd pou rezoud pwoblèm yo epi fè limyè sou ajenda ak règ jwèt la. Kouman pou fè gen yon anbyans ki pozitif ?

*SI GWOUP YO TE KONN YOUN LÒT DEJA:*

- A. Diskite/Analyze tout rayisman ki la déjà yo (egzanp : fè anbyans lan vin trankil anvan negosyasyon yo kòmanse) ;
- B. Modere santiman negatif ke lòt pati a n ka genyen.

*SI GWOUP MOUN YO PAT KONN YOUN LÒT DEJA, NEGOSYASYON AN SE PREMYE LÈ YO WÈ:*

- A. Fè genyen yon rapò pozitif nan mitan yo;
- B. Fè relasyon yo chita sou bon baz;

- C. Idantifye valè group yo pataje ansanm (egzanp : planifye tan pou konvèsasyon enfòmèl yo anvan reyinyon fòmèl yo/ oubyen manje ansanm anvan negosyasyon an).

**KESYON POU POZE ANVAN ETAP YO KÒMANSE A**

- A. Ki menm enterè ke pati yo genyen?  
 B. Ki aksyon spesifik ki ap fè yon klima pozitif.  
 C. Ajanda oubyen sa k ap diskite pou jou sa: sou ki problematik yo dwe pale de? Èske gwoup opoze a gen pwoblematik ki pa menm ak pa w la? Kòman pou ou jere yo? Èske te genyen youn oubyen plizyè pwoblèm nan sa ki gen pou diskite pou sa? Nan ka sa èske yo dwe pale de tout pwoblematik yo nan menm negosyasyon an? Èske gen pwoblematik ki lye youn ak lòt? (Nan ka sa mete l nan lis sa ki ap pale pou jou sa) èske yo ka aranje yo? Èske yo dwe bay plis enpotans bay sijè ki pou pale pou jou sa? Konbyen tan pou chak sijè? Èske lòt chwa ki disponib yo byen klè nan ka negosyasyon an pa ka abouti? (Èske nou ka fini reyinyon an san jwenn yon solisyon)?  
 D. Règ jwèt la: èske li posib ke nou aranje nou pou ki kote/ki lang /kote reyinyon an, moun anplis k ap la, obsèvatè? Ki fòm akò a dwe pran (egzanp : lèt pou moun yo antann yo/kontra/ bay lanmen)? Konbyen tan pwosesis la ap pran? Èske li nesèsè pou bay yon denyè delè? Fè presyon sou lòt gwoup la? Kòman jere presyon yo/taktik pale anpil lòt gwoup la? Èske li nesèsè pou enfòme moun yo sou stati negosyasyon an?

Pou etap preliminè yo byen dewoule, yo konseye pou suiv etap sa yo :

1. Kòmanse negosyasyon an konsantre avèk yon bon ekilib emotif ;
2. Fè limyè sou rimè/move enfòmasyon san kritike lòt gwoup la oubyen bay enfòmasyon ki ka kreye yon klima negatif;
3. Di objektif ou pataje yo epi pale de tout solisyon ke nou ka jwenn : atire enterè lòt gwoup la, montre ke w enterese ak enterè l nan negosyasyon an;
4. Evite pwovoke pou evite yon pakèt « defans/atak »;
5. Fòk ou klè sou valè pa w, men di yo san vyolans ;
6. Fòk yo dakò negosyasyon an ak pwosesis pou rive jwenn solisyon pwoblèm lan ;
7. Chwa pou pa negosye sou seri kesyon dwe stratejik ; asire ke kesyon yo pral pale yo se kesyon ke ou ka negosye sou yo ( rapèl : kèk moun k ap negosye itilize teknik ki rele pa-negosyab) pou yo ogmante enpotans kèk nan pwoblèm ke y ap mande ;
8. Evite tranzisyon anvan lè etap preliminè yo (pa byen fè limyè sou sa k ap pale pou jou a ak règ jwèt yo ap fè nou pèdi tan pita epi ka antrave klima pozitif ke n ap chèche a).

**3. Etap ouvèti**

Objektif la se pou defini kisa ki nan konfli yo epi nan eleman yo. Idantifye epi pale sou pozisyon epi kisa de pati yo ap tann, epi analize kòman gwoup yo kanpe deyè pozisyon yo epi kòman lòt gwoup la ka fleksib.

Pou ka elabore epi prezante yon bon pozisyon ouvèti yo konseye:

- A. Kòmanse avèk yon pozisyon ki pa reflekte konpromi epi ki klè (evite itilize anpil : lajan » pou fè echanj) paske sa ka kreye konfizyon nan gwoup opoze a epi fè pèdi tan ;  
 B. Prezante pwoblèm ki pi fò yo, epi pale de pwoblèm ki pi fèb yo epi pa « rakonte » pozisyon w (paske pwoblèm ki pi fèb yo se yo ke yo ap atake) ;  
 C. Genyen konfyans epi kwè nan tèt ou (si ou pa fè m, fòk ou fleksib) : komansman an dwe klè, epi suiv yon liy dwat. Di li avèk konviksyon ki reflekte ke ou djanm/fleksib yon rezonman lojik apiye epi fò l evidan (repete diskou a jiskaske ou ka di l avèk konfyans. Si ou pa kapab, chanje l) pa itilize petèt.  
 D. Di pozisyon w anvan lòt pati an, tap pi bon. Sa montre ke ou te planifye sa ou pral di a epi ou alèz ak pozisyon an w lan, sa ka gen enfluyans sa lòt gwoup la ap tann oubyen detèminen ki kote li kanpe (egzanp yon moun k ap bay 10 % mwens montan lajan ou te mande a)



- E. Si li nesèsè repete pozisyon w bay gwoup opoze a pou l konnen ke ou serye.
- F. Prezante demand ki adapte , plis ou mande plis w ap jwenn, men si w mande twò gwo, sa ka mennen w nan yon wout ki pa gen debouche, oubyen gwoup opoze a ka pa aksepte, sa ki ka inakseptab nan yon sitiyasyon kote y ap fòse moun kite espas kote y ap viv lan (yon ouvèti modere ap fè w gen plis kredi epi parèt rezonab men li posib ke ou jwenn mwens)
- G. Si ou pa genyen konfyans nan lòt gwoup la, panse mande plis pou ka gen mwayen jwenn omwen si w sou presyon.
- H. Si ou pa prepare (egzanp : pa gen ase enfòmasyon sou sitiyasyon an), kenbe opsyon pou pa ouvri oubyen fè kòmansman an fèt anreta, si sa posib/apwopriye

Rekòmandasyon pou reponn korèkteman nan yon ouvèti :

1. Konprann anvan w reponn (raple w ke konprann pa vle di aksepte). Pa reponn touswit apre yon pwopozisyon avèk yon gwoup (lè w reponn vit pou yon pwopozisyon yo ka wè l tankou w pa dakò avèk yo/obstak/ pwopozisyon nòmal) ; lòt gwoup la ka tande mwens yon pwopozisyon lè l fin bay youn)
2. Verifye si li fèm, mande jistifye b) mande repete pozisyon an (souvan yo konn bese pozisyon ouvèti yo lè yo mande yo repete yo) c) di ke li twòp oubyen pa ase elve epi fè atansyon akreyaksyon lòt gwoup la) si ou pa dakò, di poukisa epi spesisye ke ou pa dakò (« ... se pou rezon sa ke mwen pa dakò avèk ou » nan plas « mwen pa dakò avèk ou pou rezon sa yo ») evite konsesyon ki pa jis f) si ouvèti lòt gwoup la etone w, li ka nesèsè pou genyen plis enfòmasyon anvan ou kontinye.

Si gen enkyetid pou risk pwoteksyon pou moun afekte yo ki gen rapò ak konpòtman mèten teren an:

1. Genyen pasyans ak sa yo mande ki pa rezonab, evite diskisyon/chire pit ki pap pote fwi ;
2. Evite negosye ak pozisyon ki pa respektab » gwoup opoze a ap konprann ke ou ka pran desizyon pou kenbe relasyon an epi sa ka fè lòt gwoup la gen plis konfyans.

**4. Etap pou egzamine bezwen chak pati yo**

Objektif la se idantifye bezwen ke yo pa montre yo (kisa ki kache dèyè pozisyon yo ak enpòtans bezwen lòt pati a), idantifye/analize valè resous ke yo genyen yo ki ka chanje (lòt mwayen pou satisfè bezwen lòt yo ak bezwen pa w tou, sa ki gen anlplis nan resous/opsyon yo). Pa sipoze ke lòt gwoup la gen menm bezwen ke ou te idantifye yo ou byen te panse yo.

Pou w ka jere avèk efikasite etap eksploratwa yo, yo konseye:

- A. Deside alavans kesyon ou vle mande yo ;
- B. Tande repons yo byen epi mande kesyon ki apwopriye ;
- C. Analize valè resous/opsyon yo ki ka chanje ;
- D. Pa denigre, ni pa bay valè resous pa w ;
- E. Lè w ap idantifye bezwen ke yo pa montre yo : toujou mande tèt ou « èske yo pase sou yon bagay » ?
- F. Analize konpreyansyon lòt la epi fè rezime souvan, pou evite konprann mal ;
- G. Itilize teknik « arbitrary mirroring » : li deklarasyon lòt gwoup la ba plis fòs yo epi jwenn eleman repons yo : « si m byen konprann ou di m ke opsyon sa pa posib ? » ;
- H. Di bezwen pa w pou ankouraje lòt gwoup la di pa l la tou (fè premye pa a/ kakile risk pou wè si lòt gwoup la ap fè revelasyon pa l) ;
- I. Sonje : yon bezwen ka kote ki pi evidan nan sitiyasyon an, bezwen ke ou ap idantifye a ka pati ou pa wè a ; li nesèsè pou w konprann ki bezwen enpòtan gwoup opoze a genyen («ou pale de anpil bezwen ki enpòtan, kiyès ladan yo ki pi pi enpòtan ») ? Resous yo gen valè nan ka yo satisfè yon bezwen: kisa ou ka fè pou satisfè bezwen gwoup opoze a ? Poze kesyon epi byen koute se de eleman pou jwenn/analize opsyon yo (« eske X oubyen Y pi enpòtan pou ou) ? Tande byen dènye sans mo yo/analize sa ki parèt pi piti yo.

## 5. Etap kloti

Objektif etap sa se mete strikti, konekte sa ki genyen ak sa ke yo gen bezwen yo (jiskaske youn oubyen tou de groupe yo dakò) epi fè yon kontra (analize konpreyasyon, pou mete rezilta sou fòm apwopriye, planifye aksyon nesesè yo pou asire ke yo mete an aksyon rezilta negosyasyon an, fè limyè sou responsabilite chak pati yo « kiyès k ap fè kisa », epi revize règ etabli nan kontra a.

Pandan etap sa, problèm ki rete yo idantifye epi rezoud yo, obstak ki egziste oubyen potansyèl ki kapab nwi ke yo mete akò a sou pye, teste epi rezoud yo. Obstak potansyèl yo kapab:

1. Preyokipasyon ki pa rezoud youn nan patiyo genyen parapò a akò a ;
2. Akò a pa reponn a bezwen yo ;
3. Si aktivite ki nan akò a pa reyalizab nan pratik la;

### Jere presyon nan etap kloti a :

Yon gwoup ka eseye itilize taktik pale anpil oubyen menas oubyen enpas pou l jwenn avantaj nan dènye minit yo. Eseye tout fason pou w pa kite gwoup opoze a itilize mwayen sa yo poufè presyon. Konsidere konsekans yon echèk nan negosyasyon an anvan ke ou pou w fè fas a li. Toutotan altènatif ou pi bon, mwens w ap vilnerab lè negosyasyon yo.

### Pou w ka byen jere etap kloti a, yo konseye:

1. analize tout sa ki pa fin klè yo : si gen laperez pou jwenn yon antant se youn nan priyorite, akò y ap chache a ka gen plis chans paka fèt lè y ap eseye fè l la (voye l yon lòt lè epi prevwa revizyon anvan nou kite negosyasyon an) ;
2. Fè limyè: kiyès k ap fè kisa, kisa epi kilè? Konpòtman nan sa ki wè ak jan ou aji byen enfliyanse konpòtman lòt gwoup la: evite fè konsesyon ki bon pou yon sèl gwoup (si w ap bay yon bagay fòk ou mande yon bagay tou). Pa kouri fè rapid epi evite fè konsesyon sou presyon (evite fè gwo konsesyon nan fen yon negosyasyon pou w ka respekte dènye dat la : si ou fè konsesyon sou presyon, lòt gwoup la ap mete chalè nan presyon an). Pa fè premye konsesyon an, sitou sou kesyon enpòtan yo. Fè konsesyon ki piti pandan w ap vanse nan negosyasyon an.

### **Genyen twa nivo difikilte nan jere yon negosyasyon:**

**Nivo 1:** lòt gwoup la konprann byen pwosesis negosyasyon an epi li vle kolabore (nan ka sa, negosyasyon an dwe genyen rezilta) ;

**Nivo 2:** lòt gwoup la vle kolabore men li pa byen konnen pwosesis negosyasyon an, li pa gen eksperyans/ pa suiv chimen ke yo bay la;

**Niveaux 3:** lòt pati a konprann pwosesis la byen, suiv yon chimen, men li difisil jwenn rezilta avè l (nivo ki pi difisil la).

**Kòman pou w negosye nan nivo 2:** (lòt gwoup la pa gen plan, li aji nan moman an : ou paka prevwa kòman li pral aji) : lòt gwoup la ap suiv ou si li kwè ke jan w ap mennen negosyasyon an pa nan avantaj li. Kijan?

- A. Prezante valè pa w avèk apwòch ou yon jan pozitif (pataje direktiv ke ou vle suiv la epi ki ap bon pou de gwoup yo ; fè etap preliminè an pi long ; pataje jan ou optimis/konesans san ou pa prezante w tankou chèf epi san ou pa parèt yon menas ;
- B. Si gwoup la timid, li pa gen eksperyans, oubyen si li pa alèz avèk pale anpil yo : di yo ke nan yon negosyasyon genyen pale anpil sa yo, « bezwen yo di sa pozisyon yo pral ye » (pa gen ni bon ni mekan lè se negosyasyon, genyen sèlman moun ki pa bezwen menm bagay);

C. Pran (ki diferan de aksepte) pèspektiv yo : « si nou te nan pozisyon nou, mwen imajinen nou ta mande... »

**Kòman pou w negosye nan nivo 3:** (Gwoup opoze ki gen eksperyans epi renmen fè zen). Nan sitiyasyon sa, ou gen chwa sa yo :

- A. Pran strateji lòt gwoup la (fè menm jan avè l, fè zen) : lè nou wè sa pap mache : « poukisa nou pa eseye yon lòt fason » ? (lòt gwoup la ka tandè pi byen pou chanje jan li ye a) ;
- B. Pa aksepte suiv strateji lòt pati a : pa aksepte kòmanse negosyasyon an jiskaske ou aksepte règ jwèt yo ; kanpe negosyasyon yo lè lòt gwoup la gen konpòtman deplase ; fè presyon : ou pap jwenn rezilta ki bon pou de gwoup yo san lòt pati a pa chanje jan li ye a; pa angaje w ( si li posib epi apwopriye) ; mete yon twazyèm gwoup pou fè medyatè/ bay konsèy.

**Anvan ou mete yon apwòch sou tab negosyasyon an pa bliye ke li ka gen risk li ak konsekans li, fè atansyon.**

**Kisa yo mande pou tout etap negosyasyon yo:**

- Evite itilize pawòl oubyen fraz ki ka leve dife epi ki pap ede konvenk lòt gwoup la ( egzanzp : jenerozite m , pozisyon rezonab) ;
- Pale de pwoblèm lan avèk kolaborasyon, bay lòt pati a enfòmasyon k ap ede l, eksplike vit epi avèk prezizyon sou sa ou vle epi adapt ew ak chak sitiyasyon/kontèks la ki chanje.
- Montre ke w sansib ak kote moun nan soti, kilti, gwoup sosyal li, stati ekonomik epi tout santiman ki pa parèt yo ;
- Adapte jan kò w ap pale ak sitiyasyon an : kenbe yon pozisyon ak yon kontak zye ouvè ki pa vle di menas, fè jès apwopriye, kenbe kò w byen, epi abiye avèk rad ki apwopriye ak kilti a.
- Tandè epi asire w ke w konprann sa lòt la ap di : pa koupe moun lan nan pawòl li, kite l fini, montre ke ou ap tandè pandan w ap rezime sa l sot di a avèk pawòl pa w epi montre ke w konprann sa l vle di a. Itilize pawòl kout tankou : « m ap tandè w , m ap verifye sa » ;
- Fòk ou pare pou kase tansyon nan yon sitiyasyon : pa pèdi kalm ou. Si tansyon ap monte, pran yon poz pou tout moun ka kalme yo. ;
- Evite pakèt « atake/defans ».

**KISA POU PA FÈ lè gen yon negosyasyon:**

- Pa eseye « pyeje » lòt gwoup la : ou ka pèdi kredi w devan l ;
- Pa kache kote ou kanpe (pa montre enterè w pou ka gen pi bon rezilta) si lòt gwoup la se moun ki gen eksperyans deja;
- Pa rantre nan fon pwoblèm negosyasyon an menm kote a : pa kite chans pou ranfòse relasyon yo, li pi difisil pou fè ke genyen yon klima pozitif depi gwo pwoblèm yo gentan sou tab la.
- Pa eseye defann menm pozisyon de gwoup yo ansanm, kite lòt la defann enterè pa l epi ou menm konsantre w sou pa w;
- Pa kite lide orijinal yo nan kwen, pafwa fòk ou kreyatif pou jwenn rezilta : analize chwa yo anvan ou mete yo yon kote, yo ka mache;
- Ou pa janm konnen lè w gen yon pi bon rezilta nan negosyasyon an, travay pou gen pi bon an ( fòk ou pa bliye reyalyte a)
- Fòk ou konnen sa ki ka aksepte ak sa ki pa ka aksepte ;
- Pa antre nan konsiderasyon tankou « nou te ka » apre ou fin jwenn yon rezilta, sitou nan ka ke gen konsesyon ki fèt.

**Pa panse ke lè w fin jwenn rezilta sa, chire pit yo fini » yo dwe suiv rezilta a epi gwoup yo dwe angaje yo pou yo fè l jan yo te deside l la.**

## ANÈKS 6:

### **Agiman sosyojiridik ak teknik ki apiye medyasyon an.**

**Objektif:** idantifye yon kantite agiman ki fonde sou ki dwa ayisyen men tou sou dwa entènasyonal avèk prensip entènasyonal dwa moun yo ki apiye efò ke moun ki sou teren an ap fè pou yo ka jwenn yon lòt delè ak/oubyen fè mèt teren an antann li nan ka gen menas pou mete moun deyò. Yon ensidan, yon menas, yon risk pou fòse moun yo kite espas kote y ap viv lan enplike toujou yon rapò fòs : wòl ou kòm medyatè se pou eseye itilize, nan kontèks lokal la » agiman sa yo pou w ka jwenn yon pi bon ekilib nan nivo rapò fòs ki anpil fwa pa nan enterè Moun ki Deplase anndan Peyi yo.

#### **NÒT :**

Si w ap jwe yon wòl medyatè, sonje ke w pa la pou negosye pou yon gwoup epi ou pa ka pale nan non okenn lòt. Li enpòtan pou atire atansyon tout gwoup yo depi nan kòmansman medyasyon an, sou wòl ou dapre sa ki pral di a epi fè limyè sou tout detay pou yo konprann ke wòl ou kòm medyatè pa bay dwa pou di kiyès ki gen rezon avèk kiyès ki gen tò.

#### **Dwa Moun Deplase Anndan Peyi yo nan ka y ap fòse moun kite espas kote y ap viv lan**

Lalwa Ayisyen pwoteje MDAP yo nan prensip sa yo ak tout prensip lè y ap fòse moun kite espas kote yo rete a ki pa suiv sa lalwa di ki ilegal

- Yo ka fè yon moun bay tè a blanch sèlman si se lajistis ki decide sa
  - Chak MDAP gen dwa konnen tout desizyon ki pran kont li. Yo dwe rele MDAP la nan tout desizyon ke yo pran kont limenm.
- Pou yo fè yon bagay legal kont MDAP la, yo dwe rele li nan plent lan oubyen zak jidisyè a oubyen ekstrajidisyè a.
- Chak MDAP gen dwa fè apèl tout desizyon lajistis ke yo fè kont li nan enstitisyon ki gen dwa fè sa, jis nan kou kasasyon an.
- Chak MDAP gen dwa mande yon refere de tout jijman ka p ekzekite, sa ki kanpe jijman an jiskaske yon jij refere bay pozisyon l sou desizyon an ; MDAP la ka fè apèl desizyon sa nan kou kasasyon an (sèlman òdonans jij refere a dwe fèt nan menm minit lan. sa vle di yo pa bezwen chache di lòt gwoup la sa
- Yon jijman ki fèt kont MDAP yo ka fèt anvan ekspirasyon dat ke yo ka fè apèl la (30 jou ouvab) sèlman si se yon jijman sou plas « nan menm minit la » ke MDAP yo ka mande yon refere.
- Yon jijman ki fèt kont MDAP yo pa ka fèt anvan 6zè nan maten, apre 6zè nan aswè, yon dimanch, yon jou konje ofisyèl, sèlman si jij la pèmèt egzijans sa. Sa ki pa ka toujou sou sa ki gen rapò ak oswa edifis kay.
- Tout pwosesis pou mete yon MDAP deyò nan yon kan pa ka fèt san prezans yon jij depè ki pou bay lòd antre nan espas kote y Jo ye a pou fè sa tribinal premye enstans lan decide a. Li dwe gen otorizasyon ke Pakè (Kòmèsè Gouvènman an) a bay la.
- Okenn zak kriminel-menm nan bouch (nan bouch oubyen ekri), britalite, si w fè l oubyen zak sou kò – oubyen kraze kay moun, paka fèt pou fòse moun kite espas kote y ap viv lan.

## **1. Eleman ki pèmèt yo idantifye si von pwopriyetè te fè von aksyon legal kont moun ki sou teren yo.**

Dapre lalwa, mèt teren an (oubyen moun li voye a) dwe fè von aksyon lajistis. Obsèvasyon sa yo ap pèmèt wè si mèt teren an te byen suiv prensip obligatwa yo (pou plis detay, wè fich 8 la sou aspè legal yo):

- Si mèt teren an rele von jij depè, li vin gade zòn lan, sa vle di konstate prezans MDAP yo sou teren moun ki di li mèt teren an. Jij la avèk von grefye, kèk fwa avèk lapolis tou ki gen inifòm polis sou yo. Jij la ap idantifye l epi l ap eksplike poukisa li nan zòn nan. Apre sa, jij depè a ap fè von pwosèvèbal. Sa pral depann de ka a, li ka mande MDAP yo enfòmasyon, tankou idantite yo. Konbyen tan yo genyen nan zòn lan, moun ki te bay yo otorizasyon rete sou teren sa, eksetera.
- Mèt teren yo al nan lajistis epi rele MDAP yo nan tribinal (anpil fwa yo pase pa komite a). Asiyasyon an ap genyen non moun ki mande jijman an ak moun li voye l kont li a, l ap mete poukisa li mande sa, von rezime mwayen yo, dat ak lè odyans lan. Dènye dat pou yo konparèt la se yuit jou nòmàl, sa vle di yuit jou tankou tout jou.

## **2. Agiman k ap apive efò medvasyon yo**

1. Gwoup yo pa itilize fòs ak menas ki se fòt grav ke lajistis kondane nan atik 250 lan ak nan kòd penal ayisyen an. Sonje prensip jeneral dwa a ki di pèsonn moun pa ka fè tèt yo jistis.
2. MDAP yo se sitwayen ayisyen ki gen dwa konstitisyon ayisyen anba yo<sup>15</sup>. Mèt teren yo paka mete moun yo deyò menmsi se sou sou teren yo, san yo pa suiv sa lalwa mande a. nan atik 36-3 konstitisyon an, pwopriyetè a genyen obligasyon ladann. Yo pa ka fè von itilizasyon ki pa ale nan enterè jeneral.
3. **Yon kontèks ijans** egzije genyen mezi spesyal epi patisipasyon tout moun yo nan sosyete a pou jwen solisyon pou pwoblèm ki fè gen kriz sa a. Dwa pou pwopriyete prive a rekonèt tankou von prejidi mèt teren yo sibi lè yo wè teren yo okipe. MDAP yo tou gen dwa ki nan l lwa ( ale nan kad legal ayisyen an nan fich 1 an -pou plis detay-nan fich 8 la, si ou vle pale de von atik), entèvansyon san otorizasyon pa legal nan vi prive yo, dwa pou lavi fanmi, dwa pou jwenn kote pou rete oubyen kay, eks...
4. Nan von kontèks ki gen kriz imanità ak ijans ( lwa eta ijans 19 janvyè 2010 la, pou 18 mwa a toujou ap fonksyonnen), tankousa n ap viv la lè genyen sitiwayon chòk nòm yo, nan dwa entènasyonal, se kloz ak entèpretasyon pi favorab pou moun ki pi frajil yo ke li t ap bon pou yo fè anvan.
5. Sonje ke leta gen obligasyon pou relocalize fanmi yo ki afekte nan dezaz natirèl yo, mete yo von lòt kote ki nòmàl epi ki apwopriye pandan w ap respekte dwa yo ak diyite yo<sup>16</sup>. Atik 7 la nan paragraf 16 lalwa sou ijans yo di :“ ke gouvènman an ka mande pou asistans ijans mwayen anplis pou èd ak kote pou mete moun yo si mwayen lojistik ke pouvwa piblik la genyen pa kont.<sup>17</sup> Nan sans sa a, leta dwe rele met teren yo legalman pou yo ka kontribye pou von ti tan desizyon sa sou te yo a, pou yo kanpe pwosesis la von tan nesèsè pou yo ka jwenn solisyon pou MDAP yo.
6. Pwoteje mèt teren yo nan dwa yo epi bay mèt teren yo sekirite nan dwa yo epi modere sa y ap mande a, pwopoze lòt chwa ke yo ka fè pito pase ale lajistis tankou, von egzanp, mete sou pye von komite pou regle pwoblèm yo, ki nan je moun ki enplike nan konfli a gen otorite ak rekonesans nan kalite, konfyans ak entegrite moun yo mete pou medyatè yo.

<sup>15</sup> Atik 19- dwa pou viv pou tout sitwayen san diferans, menm jan li di nan deklarasyon inivèsèl dwa moun lan ; atik 22 pou lojman kòm sadwa epi atik 36 pou dwa genyen kay ; atik 7 para 16 la tou nan lwa sou eta ijans.

<sup>16</sup> Arete deklaratif itilite piblik, «Le Moniteur », 22 mas

<sup>17</sup> Le Moniteur, 19 avril 2010, lwa ki gen amandman sou eta ijans 9 septanm 2008 la.

### **3. Agiman siplemantè sou dwa entènasyonal ki gen relasyon ak dwa moun**

1. Fòse moun kite espas kote y ap viv lan etann li nan eviksyon pèmanan oubyen pou yon ti tan, kont volonte epi san pwoteksyon jiridik oubyen lòt mwayen apwopriye ki te asire, moun, fanmi oubyen komitè fanmi yo oubyen teren kote yo ye a.
2. Dwa entènasyonal la pa vle yo fè presyon sou sivil pou yo ka kite zòn lan. Eviksyon fòse yo ki gen rapò ak yon lòt deplasman fòse (sa ki ka soulve pwoblèm pwoteksyon ak risk anplis) epi yon deplasman ilegal tou<sup>18</sup> yo entèdi sa. Nan ka sa, se pa yon deplasman ki fèt akòz dezaz natirèl men yon deplasman yon moun, nan ka sa a li pa legal.
3. Karaktè fòse yon deplasman se ka moun yo ki pa gen lòt chwa pou yo rete yon kote si yo vle. Se ka menas oubyen yo itilize fòs, perèz oubyen vyolans, sa yo genyen ki ilegal. Menm nan ka kote deplase yo montre ke yo vle deplase oubyen mande sa, sa pa vle di ke chwa a fèt nan libète vreman. Fòk yo gade sikonstans yo tou ki genyen, sitiyoasyon ki genyen an ak frajilite moun deplase yo lè y ap eseye evalye lè moun deplase sa yo genyen yon chwa lib ki gen limit, si se yon deplasman ki legal oubyen kip a legal. Egzanp yo ofri yo lajan, ka konsidere tankou yon presyon, sitou lè sa pa antre nan kad pwopozisyon solisyon altènatif yo jan lwa entènasyonal yo mande l la.
4. Ayiti dwe konfòme l ak prensip Nasyon zini yo ki gen rapò ak deplasman moun nan peyi yo epi ak prensip sa yo:
  - Anvan yo deside fè yon deplasman, otorite yo dwe analize tout chwa ki genyen pou evite deplasman yo.
  - Otorite ki fè kalite deplasman sa yo, dwe fè yon jan pou moun sa yo rete yon kote ki bon, pou pwosesis deplasman an fèt byen epi ke li satisfè dapre egzijans sante, manje, sante ijyèn epi pou moun nan menm fanmi yo pa separe.
  - lè yo fè deplasman an nan lòt sikonstans ki pa ijans katastwòf, yo dwe obsève garanti sa yo : a) tout desizyon se moun leta otorize ki ka pran yo ;b) y ap pran dispozisyon pou moun ki deplase yo gen enfòmasyon sou ki rezon ak modalite deplasman an, avèk mezi endemnizasyon ak relokalizasyon ; c) konsantman lib epi konesans kòz moun deplase yo ap chèche a; d) otorite konpetan yo ap asosye moun ki konsène yo, sitou fanm ak gwoup frajil yo, granmoun ak moun andikape yo, planifikasyon ak jesyon relokalizasyon an; e) otorite lajistis yo ap pran mezi pou kenbe lòd ; epi f) tout MDAP yo gen dwa pou yo fè yon apèl itil, analize desizyon ke otorite lajistis yo pran ( lè se yon desizyon pou mete yo deyò tou)
    - yo pa ka fè okenn pwosesis mete moun deyò ki antrave dwa lavi, diyite, sekirite moun lan MDAP yo ak zafè pèsònèl yo dwe asire.

### **4. Eleman pou gide nan wòl medyatè a**

#### **A) Sa yo mande :**

- Ede tou de gwoup yo idantifye pwoblèm ki enpòtan yo.
- Diminye pwoblèm MDAP yo avèk mèt teren yo nan defini règ yo pou kominike yo ( cfr fich sou teknik negosyasyon pou lide yo)
- Fè limyè sou pozisyon pwoblèm gwoup yo ki pi enpòtan yo nan ankouraje yo di sa yo vle ak sa yo swete vreman.
- Ede tou de gwoup yo jwenn lòt altènatif.
- Ede de gwoup yo chèche yomenm yon rezilta pou yo rezoud menas pwosesis fòse moun yo kite espas kote y ap viv lan.
- Pa fè patipri lè negosyasyon an ap fèt la.

---

<sup>18</sup> Dwa pou jwenn pwoteksyon kont deplasman abitè : prensip 6 nan prensip direksyon yo

- Ankouraje respè youn lòt avèk MDAP yo epi mèt teren yo, yon jan pou fè l se idantifye avèk gwoup yo dwa ke yo chak to genyen.
- Ankouraje moun yo kolabore.
- Fè limyè sou sa ki pa parèt klè pou gwoup yo ; mèt teren yo, MDAP yo, manda ONG ki enplike yo.
- Sansibilize/adousi bezwen/enterè gwoup frajil yo (timoun, andikape, eks...) ki ap afekte nan konsekans yon ka kote y ap fè moun bay tè a blacnh epi ki petèt , yo pa pale pou yo nan medyasyon an.
- Envite otorite lokal yo nan negosyasyon an, an menm tan y ap montre mèt teren yo mwayen ki la pou popilasyon an retounen nan yon zòn ke yo soti nan kad yon strateji ki gen retounen ak rekonstriksyon.

B) Sa pou evite fè:

- Avèk entansyon chanje vèsyon ke yo rapote yo oubyen pozisyon chak moun nan medyasyon an

## ANEKS 7 :

### Mesaj defans kont pwosesis moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan

**Objektif:** rele moun prensipal yo ki gen pouvwa chanje sityasyon yo

Oubyen pran devan nan pwosesis la. Mesaj sa moun yo te dwe itilize kòm mwayen defans nan tout nivo ki ap fèt.

#### MESAJ 1 :

**Volonte otorite ki fèk monte sou pouvwa yo manifeste pou travay avèk kominote a epi prepare yon strateji anvan sa pou fèmen sis kan jan règ entènasyonal yo mande l la se yon devlopman pozitif. Li enpòtan pou kòmanse yon strateji ki pi laj k ap pèmèt rezoud pwoblèm moun deplase yo nan tout kan yo. Nan tan yo bay la epi jan rapòtè spesyal la te raple l la sou dwa pou bon jan lojman an, lè li te vini Ayiti a nan mwa jen 2011 lan « fòse moun yo bay tè a blanch lan, san bay yon lòt bon kote pou yo rete se yon vyolasyon dwa entènasyonal dwa moun ».**

#### Rezime:

Otorite ayisyen ki fèk sou pouvwa yo gen yon gwo defi pou yo leve nan sa ki konsène devlopman solisyon dirab pou moun ki toujou nan kan yo. Otorite minisipal yo bò kote pa yo ap fè fas ak moun k ap mande fèmen kan ki sou teren prive yo oubyen ki anpeche lekòl, zòn piblik, eks, ede popilasyon nan kan yo epi lite fas ak kriminel.

Lè yon kan ap fèmen, sa pa dwe fèt pou nenpòt ki pri ; li dwe fèt nan respè jan dwa entènasyonal la mande l la ki pa rekonèt zafè moun y ap mete deyò a. Pwosesis fòse moun kite espas kite y ap viv lan se eviksyon pèmanan ou byen pou yon ti tan, kont volonte yon moun san okenn pwoteksyon lajistis oubyen lòt mwayen apwopriye te asire, moun, fanmi oubyen kominote fanmi yo oubyen teren kote yo ye a. Paske yo vilnerab, moun deplase yo gen dwa pou pwoteksyon spesyal nan kad dwa entènasyonal la. Tout efò dwe pran pou ede jwenn yon solisyon pou rezoud chire pit nan mitan fanmi deplase yo, pwopriyete yo ak otorite lokal yo.

Kominote imanite a enkyè pou risk k ap ogmante plis pou fanmi deplase yo si pwosesis sa a kontinye. Risk pou genyen chire pit ak anpil enstabilite, anpil deplasman epi ki ap kontinye ( k ap favorize strateji « skwat » anplis) ak rann timoun yo pi frajil, fanm yo ak granmoun yo, andikape yo ak lòt moun yo frajil.

Sikonstans ke pwosesis sa a konn fèt nan legalite gen anpil limit, epi menm nan ka sa, gouvènman an dwe bay kòm chwa yon bon kote pou viv ki koresponn ak dwa entènasyonal yo epi garanti respè pwosedi yo ak mezi pwoteksyon tankou konsiltasyon ak notifikasyon anvan nan yon delè ki rezonab.

#### Jistifikasyon:

- ⇒ Leta gen obligasyon pou respekte, pwoteje epi reyalize yon dwa pou yon bon kote pou rete, pou pa soutni, tolere oubyen mete moun deyò.
- ⇒ Kominote entènasyonal la ap pote èd li bay otorite ayisyen yo nan tout sa l ap deside fè ki ap ede fèmen kan yo nan respè dwa entènasyonal la ; nan yon soutyen pou otorite minisipal yo.
- ⇒ Pwosesis fè moun bay tè a blanch lan (ka kote pa gen lòt chwa kote pou mete moun yo) se enjistis sosyal grav, anplis se vyolasyon dwa moun (entèdi antre abitrè nan vi prive, fanmi, dwa pou yon nivo vi ki ase, dwa moun deplase yo ki anndan peyi a).



## **MESAJ 2 :**

**Kominote entènasyonan la rekonèt jenerozite anpil mèten teren ki te ede moun deplase yo akòz seyis 12 janvye a.**

### **Rezime:**

Kominote imanite a rekonèt dwa pwopriete prive jan yo rekonèt li a nan dwa entènasyonan ki gen rapò ak dwa moun ak dwa ayisyen an. Lè otorite lokal yo pa gen rekonesans jenerozite pwopriete yo genyen, akte imanite yo ka mete devan sakrifis ak jenerozite ke anpil pwopriete te montre tankou mwayen pou ranfòse yon mesaj pozitif kay mèten teren yo.

### **Jistifikasyon:**

- ⇒ Pandan yo rekonèt dwa pwopriete a, mèten teren an pa gen dwa absoli nan konstitisyon ayisyen an ki di nan atik 36 93) ke itilizasyon pwopriete a pa ka fèt san enterè jeneral.
- ⇒ Enpòtan mesaj sa ap varye depandan sitiasyon an.

## **MESAJ 3 :**

**Fòk nouvo gouvènman an defini pi vit yon strateji global ki ofri solisyon k ap dire epi ki adapte a bezwen moun deplase yo, ki gen yon plan pou rebati ki trete pwoblèm moun nan kan anba tant y ap bourade soti yo epi ki ap asire sekirite okipasyon pou deplase yo akòz seyis lan, men tou pou pwopriete prive yo.**

### **Rezime:**

Kominote entènasyonan la ap fè tout efò nesese pou li ka :

- Ede gouvènman an devlope yon strateji retounen epi pou rebati ki reflekte wòl ak bezwen pwopriete yo ki te pataje teren yo ak moun deplase yo akòz seyis lan ak yon lòt kote pwoteje dwa moun ki deplase yo.
- Bay komisyon entèministryèl la èd sou lojman, pou mete anplas oubyen aji tankou pòt pawòl prensipal sou pwoblèm moun y ap fòse kite espas kote yo y ap viv lan epi itilizasyon pwopriete prive.
- Ankouraje gouvènman ayisyen an pou li idantifye epi mete teren disponib pou pwojè lojman pou reponn ak bezwen fanmi ki pa gen kote pou yo rete yo, epi ki reponn ak règ entènasyonan yo eleman standa yo ki nan règ pou bon lojman yo.
- Travay ak otorite minisipal yo epi ak gouvènman ayisyen an pou devlope epi kominike yon kalandrye ki klè, jan dwa ayisyen an mande l la ak règ entènasyonan yo, pou moun ki deplase anndan peyi yo retounen nan katye kote yo soti oubyen si sa pa posib-relokalizasyon yo, nan kad strateji pou rekonstwi an ak retounen an.

### **Jistifikasyon:**

- ⇒ Devlope epi fè yon strateji pou retou k ap gen enpak sou evolisyon pwosesis moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan, avèk yon efè k ap frennen epi k ap bay pwopriete yo ak moun deplase yo anndan peyi a enfòmasyon sou pwojè k ap vini pou rebati a ak retounen an.

## **Defans ak jistifikasyon anplis komisyon entèameriken dwa moun lan.**

Komisyon entèameriken dwa moun mande leta ayisyen pran mezi sa yo sou kesyon pwosesis lan nan kan moun ki deplase yo, Ayiti gen obligasyon nan ratifikasyon konvansyon ameriken dwa moun:

- (1) Genyen yon delè sou egzekisyon pwosesis lan jiskaske nouvo gouvènman an rantre nan fonksyon li;
- (2) Asire ke moun yo mete deyò yo, yo mete yo yon lòt kote ki reponn ak nòm sekirite minimòm yo;
- (3) Garanti aksè moun deplase yo anndan peyi a ak lajistis oubyen otorite ki fè sa;

- (4) mezi sekirite efikas yo pou kenbe entegrite fizik moun ki rete nan zòn kan yo, bay pwoteksyon spesyal pou fanm ak timounn;
- (5) fòmè pèsonèl sekirite sou dwa moun ki deplase yo, sitou nan ka pou a mete yo deyò ak vyolans; epi
- (6) Asire aksè ajans kowoperasyon yo nan kan moun ki deplase yo.<sup>19</sup>

---

<sup>19</sup> Lèt komisyon entèameriken dwa moun bay leta ayisyen an, sou ka moun y ap fòse kite espas kote y ap viv lan, pou 5 kan moun ki deplase anndan peyi a, mezi prekosyon No. MC-367-10, Nov. 16, 2010.,

## ANÈKS 8 : Kesyonè pou anrejistre pati II



### ENSKRI EPI EDE RETABLI AYITI ANSANM

#### KI KOTE OU RETE KOUNYE A?

KOMIN	SEKSYON KOMINAL	SIT IDP / KAN	ZON	BLOK	TANT	SSID

#### IDANTIFIKASYON E KONTAK

Nimewo Seri SN Faz 1	Nimewo Seri SN Faz 2	Nimewo telefòn 1	Nimewo telefòn 2	Kantite moun nan fanmi #
_/_/_/_/_/	_/_/_/_/_/			

#### LIS MANM FANMI A

#	Non	Siyati	Seks	Laj	Rel	lekol	BE	Travay	Okipasyon
1								W N	
2								W N	
3								W N	
4								W N	
5								W N	
6								W N	
7								W N	
8								W N	

**Seks:** G - gason; F - fanm

**Relasyon:** CF – Chèf fanmi; K - Konjwen (Mari, Madanm); TF – Timoun fanmi/Timoun konjwen; L – Lòt Fanmi; PNF – Pa nan fanmi;

**Lekol** (lekol, edikasyon fòmèl): 1 – Pa lekòl; 2 elementè (Premye a Setyèm ane); 3 Premye Sik (7èm Ane-9èm Ane); 4 Dezyèm Sik (10èm Ane-Filo); 5 Inivèsite / Si moun nan prale lekòl kounye a, ekri A avèk kòd lekòl la. **Egzanp: Si se elementè (A 2)**

**Bezwen Espesyal (BE):** TSM – Timoun san moun avè'l; GV – Granmoun vilnerab; FA -Fanm Ansent/Fanm kap bay tete; MPS – Manman/Papa selibatè; MS – Malad Souvan/Maladi kwonik;

MA – Moun Andikape; PS – Pwoblèm mantal/pwoblèm emosyonèl); L – Lòt

**Travay:** Si moun nan ap travay pou yon sale oswa an nati ( minimum yon jou pandan semen ki sot pase a)

**Okipasyon:** Ekri okipasyon egzak (elektrisyen, chofè kamyon, pwofesè....)

Si moun nan ap travay (W), mete okipasyon li genyen kounye a. Si moun nan pap travay, mete okipasyon/metye moun nan te aprann.

#### DOKIMAN:

Tip Dokiman Fanmi: <b>1. CIN</b> <b>2. PP</b> <b>3. NIF</b> <b>4. No Dokiman</b>
CIN: _____ - _____ - _____ - _____ - _____ - _____ - _____ - _____
NIF: _____ - _____ - _____ - _____

#### ADRÈ ANVAN TRANBLEMAN TÈ A

KOMIN	SEKSYON KOMINAL	Adres orijinal – Non ri	Nimewo kay	Katye

**ESPLIKASYON SOU DEPLASMAN AN**

Ki lè ou menm ak fanmi ou rive sou sit sa/kan sa? Mwa:	Eske se premye kote sa ou te ale aprè tranbleman tè a ?	<b>1. WI</b> <b>2. NON</b>
--	---	-------------------------------

**Si SE NON, Ki denye kote ou te ye anvan ou te vini sou sit sa /kan sa?**

1. Mwen te nan MENM VIL la, men: 1.1 Lèt kan nan vil la 1.2 Nan Katye mwen 1.3 Avek yon fanmi	Komin:	Katye/vilaj/ri:
2. Mwen te nan yon LÒT VIL/zòn/PWOVENS 2.1 Nan Kan 2.2 Nan Katye 2.3 Avek yon fanmi	Non sit / kan (si fanmi a te sou yon kan yo konnen)	

**ENTANSYON**

Eske ou gen entansyon retounen kote ou te rete anvan? 1. WI 2. NON	Nan ki Komin ou gen entansyon ale ?:	Ki kote (sit/kan oswa katye/vilaj)
Si NON, ki kote ou gen entansyon ale? 1. Lot kan / Kan ki òganize 2. Avèk yon fanmi 3. Rete kote mwen ye a 4. Pwovens		

**KAY / PWOPRIYETÈ**

Lojman / Pwopriyetè estati (Kote fanmi ou t ap viv anvan twanbleman tè a)	1. Pwopriyetè – Domaje, li ka repare 2. Pwopriyetè - Domaje, paka repare	3. Lokatè 4. Pa Konnen
---	---	---------------------------

**ETA KAY LA YE (SELON MTPTC)**

Nan ki kategori MTPTC klase kay ou a?	<b>1. VÈT 2. JÒN 3. WOIJ 4. PA KONNEN</b>
---------------------------------------	---

**DETAY SOU KONDISYON KAY LA**

Eske ou se pwopriyetè kay kote ou te rete a?	1. Wi 2. Non	Si Wi, Depi kilè? dat	/_/_/_/_/_/_/_/_/_/_/
			jou / mwa / ane
Si wi, kijan ou fè genyen kay sa?	1. Achte l 2. Eritye l 3. Bati l		
Si ou te achte kay la, nan men kiyès ou te achte li ?	Siyati ..... Non .....		
Si non, eske ou te lwe kay la ?	1. Wi 2. Non	Si wi, Depi kilè? Dat	/_/_/_/_/_/_/_/_/_/_/
			jou / mwa / ane
Si wi, koman mèt kay la rele ?	Siyati ..... Non .....		
Si Non, eske ou te rete nan kay la avèk pèmisyon mèt kay la?	1. Wi 2. Non	Wi oswa Non, Depi Kilè? dat	/_/_/_/_/_/_/_/_/_/_/
			jou / mwa / ane
Koman mèt kay la rele?	Siyati ..... Non .....		

**DETAY KI KONSÈNEN TEREN AN**

Eske ou se pwopriyete teren kote ou te rete a?	<b>1. Wi</b>	<b>2. Non</b>	<b>Si wi</b> , Depi kilè? <i>dat</i>	/ / / / / / / / <i>jou / mwa / ane</i>
<b>Si Wi</b> , ki jan ou fè genyen tè sa?	<b>1. Achte I</b>	<b>2. Eritye I</b>	<b>3. Lòt:</b> .....	
Si ou achte teren an, nan men kiyès ou achte l?	<b>Sinyati</b> ..... <b>Prenon</b> .....			
<b>Si non</b> , eske ou te lwe teren an ?	<b>1. Wi</b>	<b>2. Non</b>	<b>Si wi</b> , Depi kilè? <i>Dat</i>	/ / / / / / / / <i>jou / mwa / ane</i>
<b>Si wi</b> , ki kalite kontra lokasyon ou te genyen ?	<b>1. Lwaye senp</b>	<b>2. lwaye pou achte</b>		
Koman mèt teren an rele?	<b>Siyati</b> ..... <b>Non</b> .....			
<b>Si non</b> , eske ou te itilize teren an avèk pèmisyon pwopriyete a?	<b>1. Wi</b>	<b>2. Non</b>	<b>Wi oswa Non</b> , Depi kilè? <i>dat</i>	/ / / / / / / / <i>jou / mwa / ane</i>
Kijan mèt teren a rele?	<b>Siyati</b> ..... <b>Non</b> .....			

## ANÈKS 9 :

### **Kategori moun ki deplase anndan peyi a «frajil »**

*Lis kategori moun avèk bezwen spesifik yo ap sèvi tankou yon referans pou lè y ap fè ankèt sou entansyon retou moun ki deplase anndan peyi a ki rete nan kan yo.*

**Timoun/adolesan**= moun ki gen mwens ke 18 an

**Granmoun** = moun ki gen plis ke 60 an

Nòt: toujou gen nan tèt nou ke gen moun ki ka genyen bezwen spesifik yo diferan fason, yo bay li nan yon lis, tankou n ap pran yon egzanp yon gason ki poukont li ki andikape epi ki ap okipe fanmi li.

KÒD		KATEGORI MOUN AVÈK BEZWEN ESPESIFIK
1	1a	Adolesan ki ansent→di ki mwa
	1b	Adolesan k ap bay tete→di konbyen bebe
2	2a	Fanm ansent→di ki mwa
	2b	Fanm k ap bay tete→di konbyen bebe
3	3a	Timoun ki poukont yo oubyen ki pa avèk moun→di ki laj
	3b	Timoun ki pa gen papye pou idantifye li /batistè→di konbyen
	3c	Timoun ki pa al lekòl→di konbyen
4	4a	Fanm ki poukont yo k ap okipe fanmi yo→di ki laj
	4b	Gason ki poukont yo k ap okipe fanmi yo→di ki laj
5		Granmoun (san fanmi oubyen moun k ap okipe yo,oubyen ki abone)
6	6a	Moun ki gen yon andikap fizik
	6b	Moun ki gen yon andikap sensoryèl (egz : je)
	6c	Moun ki gen yon andikap entelektyèl
7		Moun k ap viv avèk yon maladi ki grav / ki la pou lontan→di kisa

## ANÈKS 10 :

### Modèl fomilè pou suiv sitiyasyon moun ki deplase yo apre yo mete yo deyò : chwa kesyon ki bon pou yon ka

#### ENSTRIKSYON

Se anketè a ki dwe ranpli fich sa avèk paran yo (mèt fanmi an : papa a oubyen manman an) ki rete nan kan ke \_\_\_\_\_ te sipote. Okenn fason kesyonè sa pa dwe nan men moun ki poko gen 18 an oubyen nan men moun ki nan menm fanmi.

Pa ekri nan pati sa

0.0a – nimewo kesyonè a:

|\_|\_| - |\_|\_|\_|

0.0b – dat antrevi a:

|\_|\_| / |\_|\_| / |\_|\_|\_|\_|  
jou mwa ane

#### SECTION 0: IDANTIFIKASYON

0.1	Depatman : _____	Pa ekri nan pati sa
0.2	Komin : _____	
0.3	Zòn evalyasyon : _____	
0.4	Non anketè a _____	
0.5	Non sipèvizè a _____	

#### A. Enfòmasyon Demografik ak sosyoekonomik

<b>A1</b>	chèf fanmi : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Sèks : F <input type="checkbox"/> G <input type="checkbox"/>	laj :  _ _   _ _	Stati : Selibatè <input type="checkbox"/> Marye <input type="checkbox"/> Plase <input type="checkbox"/> Divòse <input type="checkbox"/> moun ki pèdi mari/madanm <input type="checkbox"/> Separe <input type="checkbox"/>
<b>A2</b>	Adrès kounye a : Zòn iben <input type="checkbox"/> alantou <input type="checkbox"/> Zòn riral <input type="checkbox"/>	Stati ki gen rapò ak lojman kounye a: Mèt <input type="checkbox"/> lokatè <input type="checkbox"/> yo ba w rete <input type="checkbox"/>	Stati lojman anvan 12 janvyè: Mèt <input type="checkbox"/> Lokatè <input type="checkbox"/> yo ba w rete <input type="checkbox"/>	
<b>A3</b>	Nivo lekòl : Pa genyen <input type="checkbox"/> Preskolè <input type="checkbox"/> Primè <input type="checkbox"/> segondè <input type="checkbox"/> Inivèsite <input type="checkbox"/>		Mete :	
<b>A4</b>	Konbyen moun fanmi an ki nan kay la : 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 oubyen plis <input type="checkbox"/> (di konbyen) _____  <u>Komante si sa nesèsè :</u>		Konbyen timoun ou fè : 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 oubyen plis <input type="checkbox"/> (di konbyen) _____  <u>Komante si li nesèsè :</u>	
<b>A5</b>	Kòb ou fè chak mwa : Mwens 2,500 goud <input type="checkbox"/> 2,500 a 3,699 goud <input type="checkbox"/> 3,700 a 7,499 goud <input type="checkbox"/> 7,500 a 9,999 goud <input type="checkbox"/> 10,000 a 14,999 goud <input type="checkbox"/> 5,000 a 24,999 goud <input type="checkbox"/> 25,000 goud oubyen plis <input type="checkbox"/> pa konnen/pa vle reponn <input type="checkbox"/>			

B. Vilnerabilite			
B1	Kantite timoun ki nan kay la : 0 <input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 oubyen plis <input type="checkbox"/>	Kantite timoun ki gen pi piti 5 an nan kay la : 0 <input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 oubyen plis <input type="checkbox"/>	
B2	Gen yon fanm ansent omwen nan kay la : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Genyen yon moun ki gen yon andikape omwen k ap viv nan kay la : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Genyen yon moun ki gen plis pase 59 an nan kay la : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>
B3	Genyen yon moun omwen ki gen yon maladi ki dire nan kay la: Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Genyen omwen yon moun k ap viv ak VIH/SIDA nan kay la : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	
B4	Moun y ap fe ankèt la oubyen yon moun nan fanmi li te viktim yon vyolans fizik/abi/eksplwatasyon omwen yon fwa depi tranbleman tè a: Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Omwen yon moun nan kay la te gen kolera : Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> <b><u>Kòmante si li nesèsè :</u></b>	
C. Deplasman			
C1	Adrès anvan tranbleman tè a : Depatman  __   __   __   __   __  komin  __   __   __   __   __  Zòn  __   __   __   __   __   __  Ri  __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __		
C2	Anvan tranbleman tè a moun y ap fè ankèt sou li a: Te nan lwe kay <input type="checkbox"/> nan kay pa l <input type="checkbox"/> te rete kay zanmi <input type="checkbox"/> te rete kay fanmi ki pwòch li <input type="checkbox"/> oubyen lòt kote <input type="checkbox"/> <b>si se lòt kote, di ki kote :</b>		
C3	Depi tranbleman tè a, nan konbyen kan ou te rete ? youn <input type="checkbox"/> De <input type="checkbox"/> Twa <input type="checkbox"/> plis ke twa <input type="checkbox"/>	Non ak adrèsabri moun deplase kote moun y ap fè ankèt sou li a te rete apre tranbleman tè a : Non _____ Adrès _____ Non _____ Adrès _____ Non _____ Adrès _____	
C4	Ki tip lojman ke ou te ye lè te gen depasman apre tranbleman tè a ak anvan ou te kite dènye kan an? Tant anndan yon zòn <input type="checkbox"/> yonabri ki fèt ak prela nan yon zòn <input type="checkbox"/> yonabri ki fèt ak dra nan yon zòn <input type="checkbox"/> lòt tip <input type="checkbox"/> <b><u>Si se wi di ki tip :</u></b>		
C5	Apre ou fin kite kan tranzisyon an ke _____ te sipote, kisa w te fè ? Mwen te ale nan yon lòt zòn ki gen moun deplase ladann <input type="checkbox"/> mwen te retounen kote mwen te rete anvan tranbleman tè a <input type="checkbox"/> mwen ale viv avèk fanmi/zanmi/vwazen <input type="checkbox"/> lòt <input type="checkbox"/> <b><u>Si se wi di ki lòt :</u></b>	Lè ou t ap kite kan an konbyen moun nan fanmi w ki te avè w ? 0 <input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 oubyen plis <input type="checkbox"/>	
C6	Di kilès nan fraz sa yo ki aplike nan ka pa w la : Lè m fin kite kan an, mwen te deplase yon kote ki tou pre kan kote mwen t ap viv anvan an : li aplike <input type="checkbox"/> li pa aplike <input type="checkbox"/> Lè m fin kite kan an, mwen te deplase al nan yon lòt zòn : Li aplike <input type="checkbox"/> li pa aplike <input type="checkbox"/> Apre lè m kite kan an, mwen te deplase nan yon lòt depatman Li aplike <input type="checkbox"/> li pa aplike <input type="checkbox"/>		
C7	Adrès kounye a (depi lè w kite kan an) : Depatman  __   __   __   __   __  Komin  __   __   __   __   __  Zòn  __   __   __   __   __   __  Non lari a  __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __   __		







	<p>Lwazi : _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Okipe fanmi :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Sekirite :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Santé :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ </p> <p>Edikasyon timoun yo :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>ekonomik:  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ _ _ _ _ </p>	<p>Lwazi : _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Okipe fanmi :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Sekirite :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Santé :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Edikasyon timoun yo :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Ekonomik :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p>
F4	<p>Sa ki te konn nwi w lè w te nan kan ke World Vision te sipòte a nan nivo: Lojman :  _   _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ _ _ _ _ </p> <p>Lwazi : _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Okipe fanmi :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Sekirite :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Santé :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ </p> <p>Edikasyon timoun yo :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Ekonomik :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ _ _ _ _ </p>	<p>Sa ki vin pi grav depi lè w kite kan an nan nivo : Lojman :  _   _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ </p> <p>Lwazi : _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Okipe fanmi :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Sekirite:  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Santé :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Edikasyon timoun yo :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p> <p>Ekonomik :  _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _   _ _ _ _ </p>
Sa ou obsève/kòmante :		

## ANÈKS 11 :

### Konstatasyon ofisyèl zòn vid

Nan dokiman sa nou ateste, ke kan ki detaye la a, vid jodi a gras a efò kominote entènasyonal la ak otorite ayisyen yo.

Non kan an : \_\_\_\_\_ SSID : \_\_\_\_\_ kowòdone GPS : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_ komin : \_\_\_\_\_

Seksyon kominal (ak abitasyon ki disponib) : \_\_\_\_\_ espas teren an ( m2) : \_\_\_\_\_

Nan dat yo rakonpaye fanmi yo, yon kantite.....fanmi (moun) Te aksepte kite abitasyon tanporè pou yo rete sou teren ki te disponib pou yo. Yon lis chèf ak non chèf fanmi yo disponib nan CCCM ak nan DPG komin lan.

Enfrasrikti yo :

- WASH (latrin, poubèl, douch, kote yo lave men, kote dlo a ye) ..... te retire yo(kiyès ki te mete yo pou fanmi ki deplase yo)
  - medikal (linik, ORP) ..... te retire yo ..... (moun ki te mete yo pou moun ki deplase yo)
  - lòt : ..... te retire .....(kiyès ki te mete yo pou fanmi ki deplase yo)
- .....te amenaje teren an.....( pa enpòtan)

Nou ateste (kominote entènasyonal la ak otorite ayisyen yo), nan dokiman sa, ke kan an fèmen..... :

Mèt teren an :

- Mèt teren # 1 :
- Mèt teren # 2 :
- Mèt teren # 3 :

Meri ..... :

Reprezantan :.....

DPC ..... :

Reprezantan :.....

CCCM :

reprizantan:.....

fèt nan ....., (dat) .....  
(.....kantite konstatasyon ki enprime)